



Asasina nan tout Enpinite: **Masak ki jwenn benediksyon Leta an Ayiti**

Harvard Law School International Human Rights Clinic
Observatoire Haïtien des crimes contre l'humanité



INTERNATIONAL HUMAN RIGHTS CLINIC
HUMAN RIGHTS PROGRAM AT HARVARD LAW SCHOOL



Ilustrasyon paj kouvèti:

© David Duverseau, Nègès Mawon

Konsepsyon: Tutaev Design

Dwa dotè: © 2021 President and Fellows of Harvard College. Tout dwa rezève.

Asasina nan tout Enpinite:
Masak ki jwenn benediksyon Leta an Ayiti

Harvard Law School International Human Rights Clinic
Observatoire Haïtien des crimes contre l'humanité

Avril 2021

Tab Matyè

Remèsiman	2
Rezime Egzekitif	3
Yon Modèl Atak Kontini	3
Kad legal	4
Konklizyon yo	5
I. Kontèks Politik Atak yo	6
Konsolidasyon Pouvwa Prezidan Moïse	6
Manifestasyon kont Gouvènman an	7
Represyon kont Opozisyon an ak Vyolans kont Sosyete Sivil la	7
Wòl Gang yo jwe ki ap Ogmante ak Relasyon yo genyen ak Aktè ki nan Leta	8
II. Atak Anblematik ki Mennen Kont Sivil	9
Atak sou Lasalin, 13-14 Novanm 2018	9
• Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la	9
• Atak la	10
• Repons Leta a	11
Atak sou Bèlè, 4-6 novanm 2019	11
• Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la	11
• Atak la	12
• Repons Leta a	13
Atak sou Site Solèy, Me-Jiyè 2020	13
• Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la	13
• Atak la	14
• Repons Leta	15
III. Analiz Jiridik: Gen Motif Rezonab pou Konkli Atak sa yo se Krim Kont Limanite	16
Krim Kont Limanite Daprè Dwa Entènasyonal	16
Atak yo Enplike Zak ki kapab kalifye kòm Vyolans	16
• Touye Moun	16
• Vyòl	17
• Matirize moun	17
• Pèsekisyon kont yon gwoup oswa yon kolektivite ki ka idantifye akòz opinyon politik yo	18
• Krim sa yo antre nan kad atak yo	18
Atak yo te Vize Dirèkteman yon Popilasyon Sivil	19
• Agresyon ki te fèt sou Lasalin, Bèlè ak Site Solèy yo antre nan kad yon atak	19
• Atak yo te dirije kont yon popilasyon sivil	19
Atak yo te genyen karaktè Jeneralize ak Sistematik	20
• Atak yo te jeneralize	20
• Atak yo te genyen karaktè sistematik	20
Atak yo fèt an favè yon politik Deta oswa yon Òganizasyon	21
• Atak yo fèt an favè yon politik deta	21
• Atak yo te fèt an favè yon politik separe gang yo genyen	22

IV. Prèw ki Disponib yo Montre genyen Plizyè Aktè ki nan Leta ki Responsab Krim Kont Limanite	24
Enplikasyon dirèk nan komèt zak yo	24
Sipòte epi Ankouraje atak yo	25
• Polis Nasyonal Dayiti	25
• Dirijan nan Administrasyon Moïse la	26
Bay lòd, Kòmandite oswa ensite moun komèt Krim yo	26
Asosyasyon malfèktè	27
• Dirijan nan Administrasyon Moïse la	27
• Polis Nasyonal Dayiti	28
Prezidan Moïse Kapab Responsab pou Krim Kont Limanite Daprè Doktrin Responsablite Kòmanman an	29
V. Garanti Otè yo reponn pou Krim Kont Limanite yo komèt	30
Krim yo te komèt nan tout enpinite	30
Enplikasyon nan kesyon Responsablite	30
Rekòmandasyon	32
Konklizyon	34
Anèks I	35



Remèsiman

Dokiman sa se yon rapò Klinik Entènasyonal pou Defans Dwa Moun (IHRC) ki twouve li nan Fakilte Dwa inivèsite Harvard ak Obsèvatwa Ayisyen sou Krim kont Limanite (OHCCH).

Klinik Defans dwa moun ki twouve li nan Fakilte dwa inivèsite Harvard la gen objektif pou li pwoteje epi fè pwomosyon dwa moun ak dwa entènasyonal imanite atravè dokimantasyon, analiz jiridik, faktyèl ak estratejik, prezante litij devan enstitisyon nasyonal, rejyonal ak entènasyonal yo, negosyasyon trete, inisyativ nan kesyon politik ak aksyon pledwaye. IHRC ofri an plis yon fòmasyon klinik inovan ki itilize teknik ak apwòch modèn nan kesyon defans dwa moun. IHRC gen gwo esperyans nan dokimantasyon krim entènasyonal epi idantifikasyon moun ki responsab yo pou yo ka reponn pou zak yo atravè lemond, prensipalman nan peyi Bolivi, Myanmar ak Afrik disid. Beatrice Lindstrom, ki se pwofesè klinik nan IHRC, ap travay sou kesyon ki konsène dwa moun an Ayiti depi 2010. Pou gen plis enfòmasyon, nou envite ou ale sou sit IHRC a: <http://hrp.law.harvard.edu/clinic/>.

Obsèvatwa Ayisyen sou krim kont limanite (OHCCH) se yon konsòsyòm òganizasyon sosyete sivil ayisyen ak pèsonalite enpòtan ki mete tèt yo ansanm an oktòb 2020 e yo te bay tèt yo misyon pou siveye vyolasyon dwa moun ki komèt an Ayiti ki kapab konsidere kòm krim kont limanite. Pami manm li yo genyen Biwo Avoka Entènasyonal yo (BAI), Rezo Nasyonal Defans Dwa Moun (RNDDH) ak lidè sosyete sivil menm jan ak jiris ki gen bon jan repitasyon. Manm OHCCH yo gen yon tradisyon ki long nan dokimantasyon vyolasyon dwa moun an Ayiti, Depi lontan y ap akonpanye viktim nan kad pwosedi jidisyè pou rive fikse responsablite moun ki komèt vyolasyon sa yo epi y ap milite pou lajistis ak respè dwa moun sou plan nasyonal ak entènasyonal.

Se de (2) etidyan ki nan Fakilte dwa Inivèsite Harvard ki ekri rapò sa ki se, Joey Bui, JD 21, ak Nathalie Gunasekera, JD 21, ak kolaborasyon pwofesè klink ak konferansyè, Beatrice Lindstrom. Ellie Abramov, se yon etidyan LLM pou sesyon otòn 2020, ki te kontribye tou nan reyalizasyon rechèch jiridik yo. Manm OHCCH yo te mennen ankèt kritik sou atak ki te komèt nan Lasalin, nan katye Bèlè ak Site Solèy, se atak sa yo ki konsidere kòm fondman rapò sa a. Prensipal ankèt rapò sa chita sou yo twouve yo nan anèks I. OHCCH te founi yon analiz enpòtan epi li te egzamine rapò sa a.

Otè rapò sa remèsye Nixon Boumba, Brian Concannon, Sasha Filippova ak Susan Farbstein pou komantè enpòtan yo te fè sou premye vèsyon rapò sa a. Otè yo vle remèsye sosyete sivil aysisyen an ak sivivan atak sa yo ki te temwaye epi ki bay enfòmasyon ensansyèl sou atak yo, epi ki kontinye ap reklame ak kouraj pou lajistis fèt.

Rezime Egzekitif

Yon Modèl Atak Kontini

Pandan tout prezidans Jovenel Moïse la, Sosyete sivil ayisyen an t ap denonse atak ki gen rayisman ladan ki jwenn sipò Leta kote gwoup ki gen zam komèt kont sivil nan katye defavorize nan Pòtoprens. Nivo atak sa yo, senaryo epi kontèks yo komèt yo montre yo kapab kalifye yo kòm krim kont limanite.

Atak sa yo te komèt nan yon kontèks kriz politik ki t ap ogmante. Rejim prezidan Moïse la vin pi otorite toujou jiskaske yo antre nan fè represyon kont tout moun ki an fas yo. Depi lane 2018, te gen anpil manifestasyon nan lari ki t ap egziye pou gouvènman rann kont ak demisyon prezidan Jovenel Moïse te paralize peyi a regilyèman.¹ Pou reponn ak manifestasyon sa yo, gouvènman an te itilize lafòs, kote li kriminalize teknik manifestasyon san vyolans yo epi kote li mete ilegalman gwo siveyans sou opozan li yo.² Gen asasina sibler ak menas ki fèt kont moun ki kritike gouvènman an ki fèt nan tout enpini.³

Pandan kat lane prezidans Jovenel Moïse yo, obsèvatè dwa moun yo rive dokimante pou piti dis (10) atak brutal ki fèt nan katye defavorize ki nan kapital la kote opozisyon ki anfas administrasyon li a gen anpil fòs.⁴ Gen twa (3) atak ki patikilyèman grav—nan Lasalin, nan katye Bèlè ak nan Site Solèy— ki patikilyèman byen dokimante.⁵ Twa (3) atak sa yo byen montre metòd ak mwayen ki itilize pou mennen atak sa yo menm jan ak fason aktè ki nan leta yo te sipòte òganizasyon ak egzekisyon atak sa yo. Lè nou konsidere tout ansanm, atak sa yo revele egzistans yon senaryo vyolans Leta favorize, senaryo vyolasyon dwa moun ak refi leta pou fè otè yo rann kont pou krim ki kapab sanble ak krim kont limanite.

Lasalin: An novanm 2018, se pi move masak ki te fèt depi plizyè dizèn lane nan Lasalin, yon katye ki te jwe yon wòl aktif pandan manifestasyon kont Prezidan an.⁶ Pandan semenn avan atak la, gen de (2) dirijan nan administrasyon Moïse la ki se Pierre Richard Duplan ak Fednel Monchéry, ki te rankontre ak chèf gang Jimmy Chérizier *alias* Barbecue » pou planifye atak la epi yo te ofri li resous ki nesèse pou egzekite atak la.⁷ Jou ki te 13 ak 14 novanm 2018 la, gwoup ki gen zam ki gen nan tèt yo Jimmy Chérizier te atake britalman kominote a. Pandan katòz èd tan, bandi yo te fè viktim yo soti lakay yo sistematikman—pami yo te gen timoun—epi yo te egzekite yo kote yo tire sou yo oswa frape yo ak manchèt.⁸ Yo te boule kò viktim yo, rache yo epi jete yo sou pil fatra.⁹ Te gen pou pi piti 71 moun ki te mouri, yo vyole 11 fanm epi yo piye e detwi 150 kay.¹⁰ Malgre endiyasyon ki te genyen aprè atak sa tout kote an Ayiti ak sou plan entènasyonal, prezidan Moïse pa t kondane wòl fonksyonè li yo te jwe nan masak sa ni li pa t pran mezi pou fè plent ki depoze devan lajistis kont yo avanse.¹¹

Bèlè-: An septanm 2019, pandan manifestasyon yo ap entansifye jiskaske yo paralize tout nasyon an, manifestan yo te monte barikad ak kawotchou k ap boule sou wout prensipal katye Bèlè, ki se yon lòt basyon opozisyon an.¹² Aprè plizyè tantativ ki echwe pou te retire barikad sa yo, gen yon dirijan nan administrasyon Moïse la ki ta angaje Jimmy Chérizier pou li okipe l de sa epi anpeche gen lòt manifestasyon ki fèt nan katye Bèlè.¹³ Pandan twa (3) jou soti 4 pou rive 6 novanm 2019, Jimmy Chérizier ak kèk chèf gang alye li yo te mennen yon atak nan Bèlè. Bandi yo tire sou sivil, mete dife nan kay epi touye pou piti 24 moun.¹⁴ Gen temwen ki idantifye twa (3) polisye ki te an sivil pami otè yo.¹⁵ Menm si atak la te fèt nan yon zòn ki antoure ak komisarya polis, lapolis pa entèveni pou pou pwoteje moun k ap viv la yo, malgre anpil moun te rele pou mande pote yo sekou nan radyo ak sou rezo sosyal yo.¹⁶

Site Solèy: Ant me ak jiyè 2020, Jimmy Chérizier ak chèf gang alye li yo — ki ap mennen aktivite yo nan kad alyans G9 ki fòme dènyeman la¹⁷ — te kòdone plizyè atak an menm tan nan plizyè katye nan Site Solèy. Yo touye pou pi piti 145 sivil, vyole plizyè fanm epi fè boule kay pou revandike zòn ki te anba kontwòl gang rival yo ki asosye yo ak advèsè politik prezidan Moïse.¹⁸ Gen resous lapolis ki ta itilize nan plizyè moman nan kad atak yo.¹⁹ Menm jan ak Lasalin ak Bèlè, yo rekonèt Site Solèy kòm basyon opozisyon an.²⁰ Akoz gen anpil biwo vòt nan Site Solèy, zòn nan gen yon enpòtans estratejik nan kesyon eleksyon.²¹ Moun k ap viv la estime yo te sible yo akoz kwayans politik yo, nan lide pou al chèche yon sipò elektoral an favè prezidan ak pati politik li a.²²

Jiskajodi a, gouvènman ayisyen an pa janm tradui moun ki te komèt krim sa yo devan lajistis. Se nan yon enpinite prèske total li pèmèt yo aji. Otè moun konnen, tankou Jimmy Chérizier, ki te jwe yon wòl prensipal nan atak repete sa yo toujou rete lib.²³ Anplis de sa, gouvènman an pa rekonèt responsablite penal fonksyonè ak polisye enplike yo ki nan kan pa li.²⁴ Duplan ak Monchéry toujou te rete nan pòs yo prèske yon lane aprè atak 2018 la nan Lasalin²⁵ epi pa gen okenn pouswit ki byen avanse.²⁶ Polisye ki te patisipe nan atak yo poko janm tradui devan lajistis.²⁷ Malgre gen endis ki montre Jovenel Moïse ta apwouve atak sa yo,²⁸ pa janm gen ankèt ofisyèl ki mennen pou konnen ki wòl li te jwe. Absans lajistis fè vin gen plis enpinite, sa ki fè kriminèl yo pran konfyans epi rann sitwayen yo pi vilnerab fas ak vyolans politik.²⁹

Akoz pa gen yon repons ofisyèl, òganizasyon ayisyen k ap defann dwa moun yo te jwe yon wòl prensipal nan reyaji kont atak sa yo, kote yo se premye enstitisyon ki te mennen ankèt sou atak sa yo epi yo te pibliye rapò detaye pou sipòte konklizyon yo fè yo.³⁰ Gen bagay ki te pase ki enpòtan nan kesyon atak sa yo ki byen dokimante kounya. Rapò sa a apiye sou travay esansyèl sa pou li analize atak yo sou ang dwa entènasyonal penal.

Kad legal

Rapò sa chita sou enfòmasyon piblik la gen aksè ak yo. Li prezante yon sentèz sou konesans ki genyen aktyèlman sou atak ki te fèt Lasalin, Bèlè ak Site Solèy yo epi analize yo nan kad dwa entènasyonal penal pou detèmine ki yo kapab kalifye yo kòm krim kont limanite. Twa atak sa yo chwazi pou analiz akoz gravite ak egzistans dokiman detaye ki dekri nan ki sikonstans atak sa yo te mennen.

Rapò sa itilize definisyon krim kont limanite ki nan « Statut de Rome », trete entènasyonal ki mete kanpe Lakou penal entènasyonal (CPI), epi ki te itilize tou jirispridans CPI ak lòt tribinal penal entènasyonal. Se nan « Statut de Rome », n ap jwenn tout dènye definisyon ak sa ki plis asepte yo bay pou krim dapre dwa entènasyonal.³¹

Dapre atik 7 « Statut de Rome », gen kèk krim ki ka konsidere kòm krim kont limanite lè yo komèt nan kad yon atak jeneralize oswa sistematik ki fèt kont yon popilasyon sivil dapre aplikasyon yon politik deta oswa yon òganizasyon.³² Lè li fè refere l ak kad legal sa a, rapò a ap evalye si gen motif ki rezonab pou li konkli atak sa yo ka konsidere kòm krim kont limanite.

Pou detèmine si yon atak ka konsidere kòm krim kont limanite, fòk nou analize zak vyolans yo pou evalye nivo atak la, menm jan ak senaryo epi kontèks atak la te mennen an. Li pèmèt reyalize tou yon egzamen ki pi laj sou responsablite penal endividi ki enplike yo genyen. Dapre dwa entènasyonal penal, responsablite krim pa limite sèlman ak moun ki komèt zak kriminèl yo, men tou li pase pran moun ki kòmandite epi sipèvize zak ki komèt yo, oswa k pote sipò ak konkou yo pou fè krim sa yo,

menm jan ak moun ki pa fè devwa yo pou sanksyone krim sa yo aprè yo fin komèt yo. Etandone prèv konvenkan ki montre genyen aktè ki nan leta—pami yo Prezidan Moïse li menm ak lòt moun nan administrasyon li an—enplike nan atak yo, yon ankèt konsa ap fè yon pi bon deskripsyon sou aktè yo dwe pran kòm responsab atak yo epi ki te pèmèt atak yo egzekite nan tout enpinite.

Konklizyon yo

Daprè rapò sa, gen motif rezonab ki egziste pou konkli gen alafwa aktè ki nan leta ak aktè ki pa nan leta ki ta kapab komèt krim kont limanite an Ayiti. Atak ki te analize yo gen ladan : touye moun, vyòl, matirize moun, ak pèsikasyon kont yon gwoup akòz idantite politik yo—ki se kalite krim ki konsidere kòm fondman pou pale de krim kont limanite.³³ Nivo, senaryo ak entansite vyolans yo montre se pa t zak izole oswa okazyonèl men se te pito yon atak jeneralize ak sistematik ki sible yon popilasyon sivil. Pi lwen, prèv yo montre atak yo te planifye alavans e yo antre nan kad politik yon òganizasyon (gang yo) ak yon politik anba tab leta genyen pou pèsèkite opozan politik li yo. Akòz se katye opozisyon an okipe ki toujou sible ak patisipasyon repete fonksyonè ak reprezantan gouvènman an, polisye ak resous lapolis pèmèt nou dedui egzistans politik deta sa. Anplis tou, aktè ki nan leta yo pèmèt atak yo egzekite san okenn entèvansyon lapolis epi yo pa janm sanksyone responsab yo.

Daprè sa nou konnen sou atak sa yo jodia, li pwobab anpil pou ankèt konplemantè ta pèmèt fikse responsablite penal endividyèl manm ak chèf gang yo, menm jan ak reprezantan gouvènman an ki enplike nan atak yo, prensipalman polisye ak dirijan ki byen plase nan administrasyon Moïse la. Pandan atansyon entènasyonal la fikse sou wòl gang yo te jwe³⁴, rapò sa li menm pito konsantre li sou wòl aktè ki nan leta yo- ki swa founi aktivman sipò materyel bay otè krim yo oswa sipòte yo pasivman nan pa reponn ak responsablite yo genyen pou anpeche oswa pini yo.

Rapò sa idantifye prensipal teyori jiridik ki ka pèmèt nou rekonèt aktè ki nan leta kòm responsab krim kont limanite yo: enplikasyon dirèk; akòz yo pote èd ak konkou yo; akòz yo bay lòd, kòmandite oswa ankouraje moun komèt krim sa yo; ak inisyativ tèt ansanm ki te genyen. Nan kad doktrin responsablite nan kesyon kòmanman, yo kapab rekonèt prezidan Moïse kòm responsab krim moun ki ap travay anba lòd li yo komèt, espesyalman nan sa ki konsènen atak Lasalin nan.

Daprè atik 7 « Statut de Rome », gen kèk krim ki ka konsidere kòm krim kont limanite lè yo komèt nan kad yon atak jeneralize oswa sistematik ki fèt kont yon popilasyon sivil dapre aplikasyon politik yon Leta oswa yon òganizasyon.

Konklizyon pou di gen krim kont limanite ki komèt an Ayiti epi gen aktè ki nan leta ki ta responsab krim sa yo, ap gen gwo konsekans nan kesyon redisyon kont. Ayiti fè pati peyi ki siyen Konvansyon ameriken sou dwa moun, ki vin antre nan lwa peyi a dapre Konstitisyon ayisyen an.³⁵ Ayiti rekonèt tou konpetans obligatwa Lakou Entè-Ameriken dwa moun genyen, kote yo ba li responsablite pou entèprete Konvansyon Ameriken an. Lakou a apwouve karaktè inivèsèl krim kont limanite yo,³⁶ men tou li te deklare pa gen okenn delè preskripsyon ki aplike ak krim sa yo.³⁷ Nan sans sa, gouvènman ayisyen an gen responsablite pou li mennen ankèt epi sanksyone moun ki responsab krim kont limanite sa yo.³⁸ Yon konklizyon pou di gen krim kont limanite ap ouvè pòt tou bay lòt peyi pou pouswiv moun ki komèt krim yo ki pa an Ayiti sou baz konpetans inivèsèl la.³⁹ Finalman, menm si Ayiti pa fè pati CPI, Konsèy Sekirite Nasyon zini ka pote sitiasyon sa a devan Lakou Penal Entènasyonal (CPI).⁴⁰

Li esansyèl pou gouvènman ayisyen an ak lòt aktè nan peyi a reponn ak obligasyon yo genyen pou rann moun ki komèt krim yo responsab zak yo, nan respè rekòmandasyon ki fèt nan fen rapò sa a. Redisyon kont nesesè pou fini ak vyolasyon grav dwa moun ki ap teworize kominote ayisyen an.

I. Kontèks Politik Atak yo

Konsolidasyon Pouvwa Prezidan Moïse

Prezidan Moïse te eli an 2016, aprè yon pwosesis elektoral ki te long ki te gen fwod ak yon to patisipasyon ki ba.⁴¹ Pandan tout manda li, Moïse te sistematikman konsolide pouvwa li nan afebli lòt branch nan gouvènman an kidwe jwe yon wòl kontwòl sou aksyon laprezidans.

Pandan n ap ekri rapò sa a, Moïse rete pami sèlman 11 dirijan ki te soti nan eleksyon nan tout peyi a.⁴² An Janvyè 2020, manda pifò manm Palman an te espire san eleksyon pa t fèt pou ranplase yo.⁴³ Pandan li inyore apèl ki te fèt pou limite itilizasyon dekrè egzekitif yo pou òganize eleksyon lejislatif yo,⁴⁴ Moïse pito itilize dekrè pou adopte kèk mezi lejislatif enpòtan, pami yo gen kreyasyon Ajans nasyonal entelijans lan ki gen gwo pouvwa pou siveye moun kote kontwòl jidisyè sou ajan sa yo limite,⁴⁵ epi li bay lòd pou òganize yon referandom konstitisyonèl ki pa respekte lalwa.⁴⁶ Lè manda majistra ki nan 141 komin ki nan peyi te espire an jiyè 2020, Moïse te pran yon dekrè pou li bay tèt li pouvwa pou nome komisyon minisipal nan tèt meri yo.⁴⁷ An Mas 2021, Moïse te itilize yon dekrè pou pwolonje lwa sou eta ijans lan, sa ki ba li pouvwa pou li sispann dwa fondamantal yo epi pèmèt fòs sekirite yo, pami yo lame ki remobilize a, pou pran « mezi ki nesèsè » pou reponn ak menas pou sekirite piblik yo jan egzekitif la defini yo a.⁴⁸

Presidan Moïse te pase anba pye travay enstitisyon otonòm gouvènman an ki enplike li, ansanm ak anpil fonksyonè ki te pase nan administrasyon leta yo nan dilapidasyon \$3.8 milya dola fon piblik ki te disponib nan kad pwogram prè PetroCaribe a.⁴⁹ Moïse te nye tout akizasyon sa yo, pa gen okenn pouswit jidisyè enpòtan ki ouvè pou rann kont pou move depans yo, akote pouswit ki fèt kont yon opozan politik administrasyon Moïse la.⁵⁰ Eskandal sa te pwovoke manifestasyon jeneralize san kanpe nan tout peyi a.

Atitid prezidan Moïse konsènan eleksyon ki te dwe òganize depi lontan te soulve lòt preyokipasyon konsènan konsolidasyon pouvwa prezidan an. Gen plizyè entèpretasyon ki te fèt sou fen manda prezidan an nan dat 7 fevriye 2021 an. Lè dat la rive. Li refize kite pouvwa kote li refere li ak yon lòt entèpretasyon ki depaman sou Konstitisyon ki dapre li menm otorize li rete sou pouvwa jiska mwa fevriye 2022.⁵¹ Sosyete sivil ayisyen ak pati politik ki nan opozisyon an te reklame pou genyen yon gouvènman tranzisyon ki mete kanpe nan lide pou òganize eleksyon ki kredib ak endepandan.⁵² An septanm 2020, prezidan te pito nome yon konsèy elektoral kontwovèse, ki genyen manda pou òganize eleksyon ak yon referandom konstitisyonèl.⁵³ Konstitisyon an entèdi òganizasyon referandom pou amande tèt li aprè ansyen diktatè Jean-Claude Duvalier te itilize li pou nome tèt li « prezidan pou lavi. »⁵⁴ Pwopozisyon amandman Moïse yo t ap restriktire fondamantalman gouvènman an epi konsantre tout pouvwa a nan men laprezidans nan detriman lòt pouvwa yo,⁵⁵ epi ba li yon iminite ki p ap janm fini pou zak li poze nan fonksyon ofisyèl li okipe kòm Prezidan.⁵⁶

Nan dat 7 fevriye 2021 an, jou anpil moun t ap reklame fen manda prezidan an, lapolis te arete 18 moun, pami yo Jij Lakou KasasyonYvickel Dabrézil, yo akize ki ta ap planifye yon koudeta.⁵⁷ Nan demen, prezidan soti yon dekrè ki mete ilegalman « nan retrèt » twa (3) jij Lakou Kasasyon opozisyon an te chwazi,⁵⁸ epi ranplase yo ak twa nouvo jij li nome nan yon dekrè.⁵⁹ Lapolis tou te pran kontwòl Lakou Kasasyon.⁶⁰ Anpil moun te kondane mezi sa yo ki konsidere kòm atak kont endepandans pouvwa jidisyè a.⁶¹

Manifestasyon kont Gouvènman an

Avèk anpil fòs, sosyete sivil la te opoze ak mezi prezidan an pou pran kontwòl pouvwa a ak redisyon kont ki pa genyen pou koripsyon ak lòt vyolasyon dwa moun ki te komèt. Manifestasyon pou mande demisyon prezidan an pa sispann monte nan mitan popilasyon an. Manifestasyon sa yo sèvi kòm baz pou yo mennen atak brital sa yo kont sivil ki ap viv nan katye ki patikilyèman aktif nan opozisyon ki ap fèt kont gouvènman pandan manda prezidan Moïse la.

Nan mwa Dawout 2018, te genyen yon gwo mouvman nasyonal ki te emèje pou bay yon repons fas ak eskandal koripsyon fon PetroCaribe yo, sa ki te pwovoke yon seri gwo manifestasyon ki te kontinye rive jiska lane 2021 an.⁶² Nan dat 17 oktòb 2018, yo te estime gen 10,000 rive 15,000 ayisyen ki te mache nan tout peyi a, sa ki te konsidere kòm youn nan pi gwo manifestasyon nan istwa resan peyi Dayiti.⁶³ Manifestasyon sa yo vin akouche plizyè operasyon ‘*peyi lòk*,’ kote biznis, lekòl ak transpò piblik te paralye nan tout peyi a akòz gwo manifestasyon ki t ap fèt tout kote.⁶⁴ Pandan twa (3) mwa *peyi lòk* la nan kòmansman mwa septanm 2019 la, te gen manifestasyon ki te konn òganize preske chak jou.⁶⁵

Pandan kondisyon lavi yo ap deteryore epi enpinite ap taye banda, vyolans ak kidnapin te ogmante anpil an Ayiti nan lane 2020 an.⁶⁶ Deteryorasyon kondisyon lavi a esplike pou kisa gen anpil manifestasyon konsa ak apèl k ap fèt pou mande demisyon prezidan Moïse.⁶⁷ Nan mwa fevriye 2021, te gen lòt manifestasyon ankò ki te òganize akòz prezidan te refize kite pouvwa a.⁶⁸ Manifestan yo te akize prezidan Moïse ki ap enstore yon rejim diktati epi mande destitisyon prezidan an.⁶⁹

Represyon kont Opozisyon an ak Vyolans kont Sosyete Sivil la

Pou reponn ak manifestasyon epi opozisyon ki pa sispann ogmante, gouvènman itilize taktik ki pi agresif toujou. Jan nou kapab wè sa nan analiz ki pi ba a, gen fonksyonè ki te chèche elimine tout opozisyon kont gouvènman an atravè koripsyon, e lè sa pa mache, yo angaje gang pou mennen atak sible kont basyon opozisyon an ki pi aktif nan manifestasyon yo.⁷⁰ Evennman ki te pase Lasalin, Bèlè ak Site Solèl bay egzanp ki frapan sou atak sa yo, men jamè yo pa ka konsidere yo kòm atak izole.⁷¹

Plizyè fwa, Polis Nasyonal Dayiti (PNH) te itilize fòs eksèsif—pami yo li te tire bal reyèl ak gaz lakrimojèn— pou kraze sit-in ak lòt manifestasyon pasifik.⁷² Nan mwa novanm 2020, pandan vyolans ak kidnapin t ap monte an puisans nan tout enpinite, Moïse te sible manifestan ki t ap pwoteste kont enpinite.⁷³ Dekrè a tou prevwa gwo sanksyon anprizonman kont polisye si yo pa rive kraze manifestasyon yo, sa ki rann obsèvatè yo krenn pou sa pa ankouraje yo itilize plis agresivite toujou.⁷⁴

Pandan prezidans Jovenel la, opozan fas ak gouvènman plis sible e plis siveye. Nan mwa Dawout 2020, kòm egzanp, Mèt Monferrier Dorval, ki se responsab Bawo Pòtoprens, te asasinen devan lakay li.⁷⁵ Kèk èd tan avan li mouri, Dorval te bay yon entèvyou nan radyo kote li te kritike gouvènman an li di ki disfonksyonèl epi li te mande pou genyen « yon lòt kalite peyi ».⁷⁶ Nan yon deklarasyon tèt kole, Mèt Dorval te denonse plis pase de (2) douzèn dekrè prezidansyèl Jovenel Moïse te siyen.⁷⁷ Menm si dosye Dorval la te transfere bay yon jij enstriksyon, prèv ki te genyen sou sèn krim yo te disparèt nan tribinal la yon mwa aprè, epi ankèt la limenm pa janm pouswiv.⁷⁸ Youn nan kat moun ki ta jwenn arestasyon yo nan kad asasina a gen koneksyon ak administrasyon Moïse la.⁷⁹

Administrasyon Moïse la te menase tou òganizasyon k ap defann dwa moun ak aktivis ki t ap dokimante abi yo e ki t ap mande pou gen kont ki rann nan dosye a. An 2019, gen òganizasyon k ap defann dwa moun ki tedenonse yon plan ki genyen ant Minis Enteryè a ak chef gang Jimmy Chérissier ‘Barbecue’ pou asasinen Pierre Esperance, ki se responsab RNDDH.⁸⁰ Aprè yon odisyon devan Komisyon Entè-Ameriken Dwa Moun (IACHR) an desanm 2020, kote avoka ki nan Biwo Avoka

Entenasyonal (BAI) ak Enstiti pou Jistis & Demokrasi an Ayiti [Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH)] te temwaye sou ogmantasyon enpinite fas ak vyolasyon dwa moun yo, Minis Jistis la te denonse piblikman BAI, IJDH ak RNDDH li konsidere kòm « zouti enstabilite » epi li akize yo kòm òganizasyon k ap kreye yon anviwonman vyolans ak ensekrite nan peyi a.⁸¹ Prèske nan menm moman an, gouvènman an te anonse nouvo ajans nasyonal entelijans lan te kòmanse siveye aktivite opozisyon an,⁸² sa ki te vin fè gen plis preyokipasyon konsènan represyon ki ka fèt kont tout advèsè politik epi atak kont libète sivil yo.⁸³

Moïse te remobilize tou lame dayiti (FAdH) nan lane 2018, sa ki te pwovoke preyokipasyon pou li pa deplwaye lame a pou kontrekare disidan ak opozan li yo.⁸⁴ FAdH rekonèt anpil pou koudeta li te monte ak vyolasyon dwa moun li te komèt avan yo te kraze li an 1995.⁸⁵ Moïse te nome kat (4) ofisye wo grade nan lame sa a nan tèt nouvo FadH la, pami yo, Jean-Robert Gabriel, ki te jije *in absentia* (pa kontimas) pou wòl li kòm kòmandan lame a nan Masak Raboto an 1994.⁸⁶

Wòl Gang yo jwe ki ap Ogmante ak Relasyon yo genyen ak Aktè ki nan Leta

Nan dènye lane ki sot pase yo, gang ame yo in gen anpil pouvwa epi yo egzèse yon kontwòl enpòtan sou katye defavorize yo.⁸⁷ Gang rival ki pa gen menm afilyasyon politik ap renye an mèt e senyè nan katye yo, epi yo itilize vyolans ak zak entimidasyon pou fè popilasyon yo kolabore ak yo epi fè lajan nan koripsyon.⁸⁸ Yo egzèse tou yon pouvwa sosyo-ekonomik enpòtan pandan y ap jwe tout wòl gouvènmanal yo epi yo jwe wòl entèmedyè pou gen aksè ak gouvènman an epi kontwole asistans finansye k ap antre nan zòn nan.⁸⁹

Gen ankèt kredib ki gen dokimantasyon ki montre gen anpil gang ki resevwa finansman, zam ak minisyon nan men moun ki nan gouvènman an echanj sipò politik yo.⁹⁰ Relasyon sa ranpli yonfonksyon politik enpòtan; lè yo kontwole segman kle ki enpòtan nan popilasyon an, gang yo ka pote sipò elektoral bay politisyen yo.⁹¹ Nasyonziini te obsève vyolans gang yo komèt te ogmante espesyalman nan katye defavorize ki gen gwo kantite biwo vòt, kote gang yo kapab itilize laperèz pou enfluyans rezilta eleksyon yo.⁹²

Nan mwa jen 2020, te gen yon nouvo alyans ant gang ki te fòmè ki pote non ‘G9 an Fanmi e Alye’, ki make yon konsolidasyon pouvwa gang yo ki bay kè sote e ki soulve preyokipasyon konsènan afeblisman enstitisyon leta yo pi devan.⁹³ Se Chérizier ki ap dirije alyans sa, li se yon ansyen polisye e li se yon chef gang anpil moun rekonèt ki te enplike kòm prensipal egzekitan atak brital ki te fèt kont sivil, pami yo atak n ap diskite sou yo la a.⁹⁴ Depi mwa septanm 2020, alyans lan ki genyen kenz (15) gang ladan e ki kontwole yon gwo pati nan teritwa ki nan rejyon metwopoliten Pòtoprens lan.⁹⁵ G9 la ta genyen lyen sere ak alafwa administrasyon Moïse la epi PNH la.⁹⁶ Komisyon Nasyonal Dezameman, Demobilizasyon ak Reyensèsyon an (CNDDR) — Prezidan Moïse te remete kanpe an 2019 nan objektif pou demantle gang yo — te fè konnen premyeman li te ankouraje fòmasyon G9 la pou ede fasilite negosyasyon yo, e li te peze pou li di li gen gen « bon relasyon ak gang G9 yo. »⁹⁷ Pi lwen CNDDR la te nye patisipasyon li nan fòmasyon G9 la.⁹⁸

Gang yo gen yon relasyon ki konplike ak PNH la. Gen anpil polisye ki gen relasyon ak gang yo.⁹⁹ Gen temwen atak vyolan gang yo te fè kont sivil ki fè konnen yo te wè ajan PNH ki te patisipe dirèkteman nan atak yo, ak machin ofisyèl epi inifòm PNH ki regilyèman itilize nan atak sa yo.¹⁰⁰ PNH la te sistematikman enkapab pou li bay katye ki sible yo pwoteksyon, pou entèvni pandan y ap komèt krim yo, oswa pou arete koupab yo ak manda ki mete deyò kont yo.¹⁰¹ PNH la ap fè fas ak gwo kontrent bidjetè ak resous ki limite kapasite yo pou reponn yon fason efikas kont vyolans gang yo,¹⁰² men akòz lapolis la pa rive pran okenn mezi pandan y ap komèt atak brital sa yo e ki dire lontan kont sivil soulve soupson sou yon konplisite entansyonèl, espesyalman lè yo konpare fòs lapolis itilize pou li kraze manifestasyon yo.

II. Atak Anblematik ki Mennen Kont Sivil

Pandan prezidans Jovenel Moïse la, gang k ap opere ak sipò aktè ki nan leta mennen plizyè atak brutal kont kominote ki ap viv nan katye defavorize ki ozalantou kapital la. Rapò sa konsantre li sou twa (3) atak sa yo: atak 2018 la nan Lasalin, atak 2019 la nan Bèlè ak atak 2020 an nan Site Solèy. Nou te chwazi atak sa yo pou nou analize yo sou baz gravite yo ak dokimantasyon ki disponib ki te kolekte nan kad ankèt kredib plizyè kalite aktè te mennen.

Eleman ki komen nan tout twa (3) atak sa yo souleve preyokipasyon patikilye ki fè nou ka konsidere yo kòm krim kont limanite dapre dwa entènasyonal. Atak sa yo te gen enpak grav sou kominote ki afekte yo, ki yo tout te lakoz pou piti 240 moun te mouri,¹⁰³ pou pi piti 45 moun ki te blese,¹⁰⁴ pou piti 25 moun te vyole,¹⁰⁵ epi destriksyon plizyè santèn kay ki te lakoz depasman gwo depasman moun.¹⁰⁶ Atak yo te sible sivil ki abite nan katye defavorize kote opozisyon gen anpil fòs epi kote toujou gen manifestasyon kont gouvènman an.¹⁰⁷ Se gwo chèf gang tout moun konnen ki te mennen atak sa yo, pami yo genyen Jimmy Chérizier, Ti Junior, Iscard Andrice, ak Altès, ki yo menm nan mwa Jen 2020 te fòme alyans G9 la. Nan chak atak yo gen yon nivo enplikasyon leta—soti nan dirijan ki byen plase nan administrasyon Moïse la rive nan ajan lapolis ak resous lapolis— ki montre atak gang yo itilize sistematikman kòm yon zouti represyon politik.

Gen anpil aktè ki pa nan leta, aktè non-gouvènmantral ak aktè entènasyonal ki te mennen ankèt sou atak yo, tankou Direksyon Santral Polis Jidisyè (DCPJ), òganizasyon ayisyen k ap defann dwa moun ki gen gwo renome tankou RNDDH ak *Fondasyon Je Klere* (FJKL), Nasyonzini atravè Misyon nasyonzini ki la pou sipòte lajistis (MINUJUSTH) ak Biwo Entegre Nasyonzini an Ayiti (BINUH) ak medya yo.¹⁰⁸ Nan ankèt sa yo te gen entèvyou ki te reyalize ak viktim, lidè kominotè, moun ki sispèk nan krim sa yo ak otorite leta.¹⁰⁹ Seksyon k ap vini an ap pale sou konklizyon ki fèt apati ankèt sa yo nan lide pou fè yon rezime sou bagay enpòtan ki pase nan atak sa yo. Depi gen bagay ki depaman nan sa ki rapòte nan deklarasyon yo, nou pran tan pou nou souliye yo.

Atak sou Lasalin, 13-14 Novanm 2018

Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la

Nan dat 13-14 novanm 2018, gang ki gen zam k ap opere ak sipò gouvènman an te fè yon masak brutal nan Lasalin, ki se yon katye ki nan Pòtoprens sa fè lontan ki te tounen sant kote manifestasyon ak rezistans kont gouvènman yo te soti.¹¹⁰

Sa fè lontan Lasalin rete basyon *Fanmi Lavalas*, pati politik ansyen Prezidan Jean-Bertrand Aristide e ki se youn nan prensipal pati ki nan opozisyon ak pati prezidan an ki se PHTK.¹¹¹ Yo rekonèt katye a paske li genyen « yon kapasite san parèy pou swa mobilize oswa kontrekare manifestasyon k ap fèt nan lari, » paske manifestasyon toujou kòmanse nan Lasalin epi kontinye nan ozalantou kapital la.¹¹² Gwo enpòtans politik Lasalin genyen fè Lasalin tounen yon zòn kote plizyè gang ki gen diferan afilyasyon politik nan gwo goumen pou kontwòl li.¹¹³ Gang yo ap batay tou pou gen kontwòl mache *Croix-des-Bossales*, kote yo konn egzije biznis peye pou yoka gen espas pou yo fonksyone.¹¹⁴

Kominote Lasalin te jwe yon wòl aktif nan oganizasyon manifestasyon kont administrasyon Moïse lan,¹¹⁵ epi dirijan gouvènman yo te konn eseye plizyè fwa kraze manifestasyon kont gouvènman nan zòn nan. An 2017, yo rapòte Premye Dam nan Martine Moïse, de (2) minis ki nan gouvènman ak lòt dirijan ki nan leta te rankontre ak chef gang ak lidè kominotè ki nan Lasalin epi ofri yo y ap envesti nan



pwojè kominotè an echanj pou yo redui manifestasyon kont gouvènman an nan zòn nan.¹¹⁶ Yo te rejte pwopozisyon an yo te jije ki « odasye epi inapwopriye ».¹¹⁷ Pandan mouvman pou reklame fon PetroCaribe yo t ap ogmante an 2018, òganizatè yo te planifye gwo manifestasyon nan dat 17 oktòb 2018, ki se jou komemorasyon lanmò lidè revolisyon Ayiti a ki se Jean Jacques Dessalines.¹¹⁸ Nan dat 15 oktòb 2018, lidè opozisyon yo te òganize yon konferans tèt kole nan Lasalin, kote yo te pote sipò yo bay mouvman an epi mande demisyon prezidan Moïse.¹¹⁹ De (2) jou aprè, youn nan pi gwo manifestasyon ki janm reyalize nan istwa resan peyi a te òganize, kote te genyen patikilyèman gwo foul moun ki te rasanble Pòtoprens ak ozalantou li pami yo nan Lasalin.¹²⁰ Manifestan yo te anpeche Prezidan Moïse antre nan Lasalin pou depoze yon jèb flè sou moniman Dessalines nan ki nan Pon Wouj, sa ki te lakoz gwo lese frape ak lapolis e lapolis te tire sou foul la.¹²¹

Pandan manifestasyon yo ap ogmante, gen aktivis ki te planifye yon lòt seri manifestasyon pou 18 Novanm 2018. Jou ki te 6 novanm nan, de (2) semenn avan manifestasyon ki te pwograme yo, yo rapòte Joseph Pierre Richard Duplan, ki se Delege depatmantal Lwès¹²², ak Fednel Monchéry, ki se Direktè Jeneral Ministè Enteryè te rankontre ak Jimmy Chérizier nan Delma 6 pou planifye atak kont moun k ap viv nan Lasalin.¹²³ Nan moman Chérizier te toujou nan lapolis la e li te chèg gang Delma 6.¹²⁴ Li repite pou patisipasyon li nan vyolans epi yo konnen li kòm prensipal moun ki te fè masak an 2017 nan katye Gran Ravin, kote te genyen nèf (9) sivil ki te mouri.¹²⁵ Daprè temwen yo, Duplan ak Monchéry te bay Chérizierak gang li yo materyèl, tankou zam, inifòm lapolis ak machin gouvènman pou yo itilize nan atak la.¹²⁶

Evennman ki te Mennen nan atak Lasalin nan attack	
Oktòb 2017:	Premye Dam Martine Moïse te vizite Lasalin pou mande chef gang yo redui aktivite k ap fèt kont gouvènman an an echanj ap gen envestisman.
Out-Oktòb 2018:	Manifestasyon konsènan fon Petrocaribe yo ogmante.
15 Oktòb 2018:	lidè politik opozisyon yo te òganize yon konferans pou lapres ansanm nan Lasalin pou pote sipò yo bay manifestasyon kont gouvènman yo.
17 Oktòb 2018:	Se te pi gwo manifestasyon ki te òganize nan istwa resan Ayiti. Manifestan yo te anpeche Prezidan antre nan Lasalin pou depoze yon jèb flè.
6 Novanm 2018:	Duplan ak Monchery rankontre chef gang yo pou planifye atak kont Lasalin epi pote sipò lojistik li ba yo.
13 Novanm 2018:	Gang yo atake moun ki abite Lasalin epi touye pou pi piti 71 moun.

Atak la

Detay sou masak la ki te fèt sèt (7) jou aprè a byen dokimante.¹²⁷ Jou ki te 13 novanm nan, gang ki gen gwo zam lou nan men yo ki gen nan tèt yo Alectis, Chérizier ak lòt chèg gang te rive Lasalin nan plizyè machin, pami yo machin ki gen non Inite Depatmantal Entèkansyon (BOID), ki se yon inite nan Polis nasyonal la.¹²⁸ Otè yo te kòmanse tire zam otomatik bò 4 è (4h) aprèmidi, e sa te kontinye

pandan 14 èdtan, sa ki te lakoz lanmò pou pi piti 71 moun, pami yo timoun ak yon bebe ki gen dis (10 mwa).¹²⁹ Kèk nan otè yo te mete inifòm BOLD epi fòse abitan yo soti lakay yo pandan yo fè yo kwè se operasyon lapolis ap mennen, epi yo egzekite yo nan lari a.¹³⁰ Yo te tire anpil nan abitan yo epi gen kèk yo te dekapite yo ak manchèt.¹³¹ Pou pi piti gen onz (11) fanm ki te vyole, pami yo gang yo te vyole de (2) anndan lakay viktim yo.¹³² Asayan yo te piye pou pi piti 150 kay epi detwwi anpil ladan yo.¹³³ Estimasyon yo di gen 300 moun yo te fòse kite lakay yo epi ki te al pran refij nan katye Wharf Jérémie ki twouve li tou prè a.¹³⁴

Asayan yo te pote kèk kadav ale nan zòn moun pa konnen epi jete lòt yo sou pil fatra kote kochon te manje yo.¹³⁵ Nan maten 14 novanm nan, foto ak videyo kò moun te kòmanse sikile sou rezo sosyal yo, sa ki te te pèmèt kèk moun ki t ap kòmanse sou entènèt idantifye kèk viktim.¹³⁶ Aprèmidi sa a, asayan yo te rache epi boule kò ki te rete yo epi transpòte kèk nan sa ki te rete yo nan traktè nan yon lòt destinasyon.¹³⁷ Yo te sèlman rekipere kèk lòt ki te rete ki pa t ka idantifye lè gen yon pastè ki te an mezi negosye ak chèf gang yo pou li ka pase nan zòn nan an tout sekirite.¹³⁸

Se Chérizier, Alectis, Chrisla, ak Andrice kit ap dirije atak yo, yo se chèf gang alye ki fòme alyans G9 la.¹³⁹ Temwen yo rapòte tou Duplan, ki se Delege Prezidan Moïse, te pèsoneyman prezan pandan atak la, kote li t ap pale ak Chérizier ak lòt chèf gang yo.¹⁴⁰ Nasyonzi te fè remake aprè Chérizier, gen pou pi piti de (2) lòt ajan lapolis la ki te patisipe nan atak la.¹⁴¹

Repons Leta a

Pandan 14 èdtan atak la te dire a, lapolis pa t janm entèveni pou pwoteje kominote a.¹⁴² Lapolis gen plizyè komisarya ki twouve yo a yon distans yon kilomèt kote atak la t ap fèt la, ak plizyè machin patwouy moun te remake tou prè Lasalin pandan atak la.¹⁴³ Nouvèl yo fè konnen komisarya lapolis ki nan Lasalin nan te enfòmè Direksyon Depatmantal Lwès la nan menm moman atak la te kòmanse,¹⁴⁴ epi bò 5 è aprèmidi, te genyen pou pi piti senk (5) inite nan Lapolis la ki te okouran sou atak k ap fèt la.¹⁴⁵ Okenn nan inite nan lapolis la pa t tante entèveni kote yo fè konnen yo pa gen ase resous pou sa.¹⁴⁶

Menm le foto ak videyo masak terib sa t ap pwopaje sou tout rezo sosyal yo, Prezidan Moïse pa t kondane piblikman vyolans sa yo oswa vizite kominote a.¹⁴⁷ Gouvènman pa t ofri okenn asistans oswa reparasyon bay sivivan yo oswa moun sa yo ki te deplase akòz masak la.¹⁴⁸

Aprè tole jeneral sa te pwovoke, DCPJ te mennen yon ankèt sou atak la epi ta sanse idantifye 70 moun ki te responsab pou egzekite masak sa a, pami yo Duplan, Monchéry ak Chérizier.¹⁴⁹ Pouswit yo te pran tan pou yo avanse, sepandan pa gen okenn nan moun ki te komèt zak yo ki te arete.¹⁵⁰ Duplan ak Monchéry yo toude te rete nan pòs yo genyen nan gouvènman an jiska septanm 2019—prèske yon lane aprè atak la te fèt la—lè yo te ranplase yo aprè gwo manifestasyon san pran souf.¹⁵¹ Malgre Lapolis la te revoke Chérizier an desanm 2018, li toujou rete lib malgre manda ki mete dèyè li pou wòl li te jwe nan masak Gran Ravin yon lane avan.¹⁵² Li te kontinye egzekite anpil lòt masak depi lè sa, pami yo atak Bèlè ak Site Solèy, n ap dekri pi ba a.

Atak sou Bèlè, 4-6 novanm 2019

Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la

Menm jan ak Lasalin, Bèlè se yon basyon enpòtan opozisyon an.¹⁵³ Tradisyonèlman katye sa sipòte *Fanmi Lavalas*; depi lè Jean-Bertrand Arisitide te rive sou pouvwa a.¹⁵⁴ Akòz Bèlè jeneralman se yon kote ki gen manifestasyon popilè, gang ki kontwole zòn nan yo byen plase pou anpeche manifestasyon

epi anpeche opozisyon politik la fonksyone an echanj lajan.¹⁵⁵ Katye a tou se yon pwen aksè pou ale nan anpil gwo mache.¹⁵⁶

An septanm 2019, manifestasyon kont koripsyon vin debouche sou twa (3) mwa *peyi lòk*, kote biznis, lekol ak transpò piblik te paralize, epi manifestasyon kont gouvènman te konn fèt preske chak jou.¹⁵⁷ Manifestan yo te mete barikad anflme sou wout prensipal Bèlè yo, bloke tout trafik epi anpeche gouvènman antre nan katye a.¹⁵⁸ Daprè temwayaj kèklidè kominotè, dirijan nan gouvènman an te fè plizyè tantativ pou fòse abitan yo leve barikad yo.¹⁵⁹ Lè a chak fwa moun yo rejete apèl sa yo, Sekretè Deta Sekirite Piblik la, Léon Ronsard Saint-Cyr, ta sanse kontakte Chérizier nan dat 31 oktòb 2019 epi mande li pou operasyon retire barikad yo epi anpeche lòt manifestasyon kont gouvènman fèt nan Bèlè.¹⁶⁰ An echanj, Saint-Cyrta bay Chérizier yon gwo kantite lajan ak plizyè nouvo moto.¹⁶¹ Nan epòk echanj yo, anpil moun te konnen Chérizier pou wòl li te jwe alafwa nan masak Gran Ravin ak Lasalin.¹⁶² Saint-Cyr te nye tout akizasyon sa yo.¹⁶³

Evennman ki te mennen nan atak Bèlè yo	
Sep.-Nov. 2019:	<i>Peyi lok</i> , tout peyi a fèmen epi regilyèman gen manifestasyon kont gouvènman an.
Sep.-Okt. 2019:	dirijan nan gouvènman pa rive fòse moun yo retire karikad yo te mete nan wout yo nan kad peyi lòk la nan Bèlè.
31 Okt. 2019:	Dirijan gouvènman ki rele Saint-Cyr mande Chérizier pou li retire barikad yo epi anpeche gen lòt manifestasyon.
3 Nov. 2019:	Chérizier, 40 nèg ame, ak lòt chèf gang mande abitan Bèlè yo retire barikad yo. Abitan yo refize.
4-7 Nov. 2019:	Chérizier ak manm gang ame atake abitan yo epi boule kay, touye pou pi piti 24 moun.

Atak la

Jou ki te 3 novanm 2019, 49 nèg ame ki gen nan tèt yo Chérizier ak de (2) lòt chèf gang alye li ki se James Wilson Pierre *alias* Ti Sonson ak Alex *alias* Malkomprann, te ale Bèlè epi ofri abitan yo lajan pou yo retire barikad yo.¹⁶⁴ Abitan yo te rejte pwopozisyon an, kote yo fè konnen barikad yo mete nan kad mouvman popilè, e se pa yo menm ki gen kontwòl mouvman an.¹⁶⁵

Pandan kat (4) pwochen jou yo, gang yo te mennen lòt atak epi touye pou pi piti 24 moun, blese senk(5) epi boule 28 kay ak 11 machin.¹⁶⁶ Atak yo te kòmanse 4 novanm, lè Chérizier ak lòt asayan ki te avèk li yo te tounen Bèlè ak 50 nèg ki gen gwo zam ki t ap tire gwo rafal kout zam otomatik lou nan men yo.¹⁶⁷ Anpil temwen te konfime prezans twa (3) polisye pami moun k ap fè atak yo ki te gen inifòm sou yo ki gen koneksyon ak gang Delma 6 ki anba kontwòl Chérizier ap dirije a.¹⁶⁸ Asayan yo te tire sou abitan yo ak kay yo epi mete dife nan plizyè machin ak kay, epi blese pou piti de (2) abitan.¹⁶⁹ Yo te rapòte atak la nan anpil estasyon radyo pandan li t ap fèt la, men lapolis pa t fè okenn entèvansyon.¹⁷⁰ Pita nan jounen an, machin patwouy BOLD t ap pase nan zòn Bèlè epi te tire sou asayan yo ki te tire tou, sa ki te fè asayan yo fè bak pou yon ti bout tan.¹⁷¹ Ajan BOLD yo te anonse sa bay Sant kòmanman an, men yo pa t mande ranfò, ni pouswiv asayan yo, oswa retounen pou bay pwoteksyon ni yo pa t pran mezi pou ankete sou atak la oswa idantifye viktim ak dega ki te genyen yo.¹⁷²

Nan mitan lannwit 5 novanm nan, Chérizier ak lòt asayan yo te retounen Bèlè ankò epi tire sou kay sivil yo pandan abitan yo t ap dòmi anndan, te gen pou pi piti yon fanm ki te blese.¹⁷³ Kòm repons, gen yon gwop polisye ki pa t sou pòs ki rete nan yon katye ki tou prè a ki te tire tou, sa ki te lakoz lanmò Alex.¹⁷⁴ Jou ki te 5 novanm nan, Chérizier, Pierre ak nèg ki anba lòd li yo te retounen pou vanje lanmò Alex.¹⁷⁵ Yo te genyen nan men yo zam militè ak fizi daso, yo te touye de (2) gason ak yon tifi 16 lane epi mete dife nan 26 kay.¹⁷⁶ Atak mòtèl yo te kontinye nan Bèlè pandan plizyè jou nan mwa novanm nan.¹⁷⁷

Repons Leta a

Bèlè antoure ak komisarya lapolis, pami yokat (4) komisarya, pami yo komisarya prensipal Pòtoprens ak twa (3) lòt pòs polis depatmantal.¹⁷⁸ Pandan atak sa yo ki te dire plizyè jou, abitan yo pa t sispann rele otorite yo pou pote yo sekou.¹⁷⁹ Demann sa yo t ap plede sikile sou radyo ak rezo sosyal yo, men Lapolis pat entèvni oswa al pwoteje moun yo.¹⁸⁰ Ankèt ak pouswit jidisyè sou krim sa yo pa janm avanse, epi Nasyonzi te esprime preyokipasyon li sou enpinite ki genyen e ki kontribye nan ogmantasyon atak gang pandan tou lane 2020 an, pami yo atak nan Site Solèy.¹⁸¹

Atak sou Site Solèy, Me-Jiyè 2020

Kijan Sitiyasyon an te ye avan Atak la

Site Solèy se yon komin ki pòv anpil epi ki genyen anpil moun k ap viv ladan ki estime a preske 250 000 abitan.¹⁸² Li twouve li nan limit Lasalin nan pati Nò li. Menm jan ak Lasalin, li se yon basyon istorik *Fanmi Lavalas*.¹⁸³ Pandan plizyè dizè lane, plizyè gang k ap goumen youn ak lòt kontwole diferan katye nan Site Solèy, batay ant gang yo ogmante nan dènye lane sa yo.¹⁸⁴ Kontwole Site Solèy gen enplikasyon politik ladan paske se yon zòn ki genyen anpil biwo vòt; gang ki gen kontwòl teritwa yo twouve yo nan yon pozisyon pou enfliyanse rezilta eleksyon yo ak aktivite politik yo.¹⁸⁵

Batay vyolan ant gang yo ogmante an 2020 pandan ranfòsman alyans G9 la epi an pandan preparasyon eksyon yo, sa ki sable yon jefò tèt ansanm k ap fèt pou fè Site Solèy tounen yon zòn ki tonbe anba kontwòl gang ki anfavè gouvènman yo.¹⁸⁶ An Me 2020, yo akize Altès, ki se chèf youn nan gang ki kont gouvènman nan Site Solèy ta resevwa lajan nan men yon aktè ki nan leta moun pa idantifye pou li chanje kan epi pou li elimine Ernso Nicolas, yon lòt chèf gang ki kont gouvènman an nan zòn nan.¹⁸⁷ Li ta resevwa US\$ 40,000, senk (5) nouvo zam, twa (3) li te genyen lapolis te sezi, epi tou yo retire ‘avi rechèch’ ki te genyen kont li a nan kad akò ki te genyen an.¹⁸⁸ Aprè yo fin touye Nicolas, anpil gang ki gen koneksyon ak gouvènman an te mete tèt yo ansanm pou pran kontwòl lòt basyon opozisyon yo.¹⁸⁹

Pou fini, jou ki te 23 Me 2020, Chérizier te òganize yon rankont ant 13 chèf gang—ki ta pral fòme alyans G9 la— nan lide pou planifye atak an menm nan plizyè kote nan Site solèy ak lòt katye ki tou prè li tankou Nan Tokyo.¹⁹⁰ Atak yo te sible Pon Wouj, kote abitan yo te anpeche prezidan Moïse depoze yon jèb flè yon lane avan ; Nan Brooklyn, ki se yon katye nan Site Solèy ki anba kontwòl Gabriel Jean-Pierre *alias* Ti Gabriel, ki ta sipòte opozisyon kont gouvènman pandan *peyi lòk la*; ak Nan Tokyo, ki te sibi yon atak brital avan sa anba men Chérizier ak Alectis.¹⁹¹

Kalandriye atak Site Solèy yo	
Me 2020:	Dirijan nan gouvènman an ta peye chèf gang Micanor Altès pou li soti nan gang ki kont gouvènman yo pou al jwenn gang alye Chérizier yo, epi pou li touye yon chèf gang ki kont gouvènman an.
23 Me 2020:	Chérizier òganize rankont 13 chèf gang pami yo Altès, pou planifye atak an menm tan nan kèk pati nan Site Solèy ak nan Tokyo.
24-27 Me 2020:	Chérizier ak gang alye li yo atake Site Solèy ak Nan Tokyo, epi touye pou pi piti 34 moun. Aprè atak sa yo, Chérizier ak alye li yo pran kontwòl 9 zòn an plis.
Jen 2020:	Chérizier ak alye li yo fòme alyans G9.
Jen- Jiyè 2020:	G9 mennen yon atak sou katye Nan Brooklyn ki nan Site Solèy, ki te anba kontwòl rival yo ki se Gabriel Jean-Pierre. Pandan peryòd sa, te gen pou pi piti 111 moun yo te touye.

Atak la

Ant 24 Me pou rive 31 Jiyè 2020, kominote nan Site Solèy te fè fas ak gwo atak gang kote pou pi piti genyen 145 moun ki te mouri ak 98 kay ki te detwi.¹⁹²

Jou ki te 24 Me a, Chérizier ak nèg li yo rive Nan Tokyo, pandan gang ki gen nan tèt yo Altès ak Alectis pran kontwòl Pon Wouj.¹⁹³ Pandan tout aprèmidi a ak lannwit lan rive nan demen, gang yo t ap tire kout zam otomatik sou sivil yo, sa ki ta koze lanmò anpil moun.¹⁹⁴ Pandan gang rival yo al cache nan yon kan pou moun andikape ki te fèt aprè tranbleman tè a, asayan yo swiv yo jou ki te 25 Me a epi mete dife nan 24 kay, epi touye de (2) abitan.¹⁹⁵

26 Me, ozanviwon 3zè aprèmidi, te genyen senk (5) machin blende Lapolis te pake deyò antre prensipal Nan Brooklyn.¹⁹⁶ Daprè temwayaj sivivan yo, yo te voye gaz lakrimojèn san distenge pèsòn, yo te fòse abitan kite kay yo epi katouch te tonbe tire nan tout direksyon.¹⁹⁷ Yo te tire sou abitan yo epi atake yo ak kouto epi wòch pandan yo t ap eseye chape poul yo.¹⁹⁸ Gen kèk moun yo te dekapite yo.¹⁹⁹ You te boule anpil kò epi jete yo nan dlo.²⁰⁰ 26 ak 27 Me, gang yo te atake Nan Brooklyn kote yo touye pou pi piti kat (4) moun, blese 20 lòt epi mete dife nan plizyè kay.²⁰¹ Gang G9 yo te atake tou moun ki te deplase kite Lasalin yo ki te pran refij sou Wharf Jérémie aprè masak Novanm 2018 yo, kote yo touye yo epi jete rès kò yo nan lanmè.²⁰² Aprè atak sa yo, G9 vin pran kontwòl 9 zòn pami yo Chansrèl ak Fò Dimanch.²⁰³

Aprè mwa Me 2020, tout komin Site Solèy ap fè fas ak pi gwo vyolans gang yo te pwovoke, ant Jen ak Jiyè 2020, gang G9 yo touye pou pi piti 111 moun, premyeman yo te pran anpil nan yo epi yo tire yo nan tèt.²⁰⁴ Gang yo te komèt vyòl tou epi boule kay.²⁰⁵ G9 patikilyèman konsantre atak li yo sou Nan Brooklyn, yon katye ki toujou anba kontwòl rival yo ak chèf gang ki kont gouvènman ki rele Gabriel Jean-Pierre.²⁰⁶ Yo te mennen senk (5) atak separe sou mache Nan Brooklyn nan pandan peryòd sa epi siveye tout wout ki twouve yo anndan Nan Brooklyn.²⁰⁷

Repons Leta

Pa gen anyen ki montre lapolis te entèvni pou pwote sivil yo pandan dewoulman atak kontini sa a. RNDDH remake prezans lapolis trè fèb pandan tout tan sa a,²⁰⁸ e sa fè de (2) fwa ajan PNH yo te abandone komisarya Site Solèy nan mitan gwo atak kote yo fè konnen yo manke resous ak ranfò.²⁰⁹ Etandone nivo ensekirite a, polisye ki te pase entèvyou nan kad ankèt RNDDH la te fè konnen inite yo te bezwen ranfò ak yon plan global ki soti nan men dirijan ki pi wo plase yo tankou Direksyon Jeneral lapolis la, men yon plan konsa pa t janm rive jwenn yo.²¹⁰ Nan menm moman an, yo itilize ajan lapolis la ak resous li yo pou mennen atak. Anplis enplikasyon lapolis la nan atak ki te fèt an Me a, nan dat 2 Jiyè 2020, gen de (2) machin blende lapolis ki t ap pase nan yon zòn G9 te ap atake ki te tire nan direksyon kay yo, epi touye pou pi piti senk (5) sivil epi blese dis (10) lòt.²¹¹ Gen kat cha blende lapoliski te ede tou gang G9 jou ki te 19 Jiyè 2020 pou rebran kontwòl yon kay Gabriel Jean-Pierre te sezi.²¹² Pandan Premye Minis la ak Minis Jistis ak Sekirite Piblik di yo bay lòd pou pouswiv asayan yo pou zak yo, pa gen okenn arestasyon ki te fèt ki gen rapò ak atak la.²¹³

RNDDH te entèvyouve abitan Site Solèy ki kwè atak yo gen motivasyon politik dèyè yo epi yo te fèt nan kad jefò tèt ansanm ant gang yo ak gouvènman an pou kontwole katye yo lè gen eleksyon.²¹⁴ Ansyen Depite Site Solèy, Pierre Lemaire, di FKJL Prezidan Moïse gen plan pou retire katye aanba kontwòl Gabriel Jean-Pierre aprè li te fin aprann wòl li te jwe nan òganize aktivite kont gouvènman an pandan peryòd *peyi lòk* la an 2019.²¹⁵ Abitan Pon Wouj yo kwè yo te sible yo pou atake yo paske yo te anpeche Moïse antre nan zòn nan 17 Oktòb 2018 pou te vin depoze yon jèb flè.²¹⁶ Menm si gen lòt prèv ki nesesè pou konfime teyori sa yo, men yo konpatib ak yon modèl ki etann li plis kote atak gang yo ki jwenn finansman leta a te itilize nan objektif politik.

Gang ki te enplike nan chak atak	
Atak Lasalin an 2018	• Chabon Alectis • Delmas 6 ki gen kòm Chèf Chérizier • Nan Bfom ki gen kòm Chèf Jimmy Joseph • Belekou ki gen kòm Chèf Iscar Andrice • Ti Bwa ki gen kòm Chèf Chrisla • Base Pilate ki gen kòm Chèf Wilson Pierre • St Martin Street gang ki gen kòm Chèf Alex
Atak Bèlè a an 2019	• Delmas 6 I ki gen kòm Chèf Chérizier • Chabon I ki gen kòm Chèf Alectis • Krache Dife ki gen kòm Chèf Pierre • Gang Ri St Martin ki gen kòm Chèf Malkonprann
Atak Site Solèy an 2020	• Gang Wharf Jérémie ki gen kòm Chèf Altès • Chabon ki gen kòm Chèf Alectis • Delmas 6 ki gen kòm Chèf Chérizier • Gang Simon Pélé ki gen kòm Chèf Zouma • Belekou ki gen kòm Chèf Iscar Andrice • Gang Nan Boston ki gen kòm Chèf Matias Saintil

III. Analiz Jiridik: Gen Motif Rezonab pou Konkli Atak sa yo se Krim Kont Limanite

Krim Kont Limanite Daprè Dwa Entènasyonal

Krim kont limanite fè pati krim ki pi grav yo daprè dwa entènasyonal. Yo konsidere yo kòm krim ki komèt non sèlman kont chak viktim men se kont tout limanite yo komèt yo.²¹⁷ Dwa entènasyonal koutimye yo entèdi krim kont limanite e yo konsidere yo kòm nòm enperatif (jus cogen) kote pa ka genyen okenn dewogasyon ki otorize konsènan nòm sa yo.²¹⁸ Sepoutès a yo entèdi yo sou plan entènasyonal, san konsidere si Eta a asepte trete ki entèdi krim sa yo.

Nan seksyon sa gen evalyasyon ki fèt pou detèmine si atak Lasalin, Bèlè, ak Site Solèy respekte definisyon jiridik yo bay pou krim kont limanite nan kad dwa entènasyonal. Rapò sa itilize definisyon ki twouve li nan « Statut de Rome », ki se yon trete entènasyonal ki te kreye Lakou Penal Entènasyonal (CPI), paske « Statut de Rome » ak lòt jirispridans ki genyen sou sa yo lajman asepte ansanm ak dènye definisyon ki bay sou krim nan kad dwa entènasyonal.²¹⁹ Lè li vize bay enstriksyon, analiz ki fèt nan seksyon sa a apiye li tou sou jirispridans lòt tribinal penal entènasyonal.

Pou konkli gen egzistans krimkont limanite daprè definisyon ki bay nan « Statut de Rome » nan, gen plizyè eleman ki dwe reyini. Premye a, atak la dwe enplike pou pi piti youn nan krim ki defini nan atik 7(1) « Statut de Rome » nan, tankou touye moun ak vyòl.²²⁰ Dezyèmman, plizyè eleman kontektyèl dwe reyini : krim yo dwe (1) komèt nan kad yon atak ki dirije kont yon popilasyon sivil ; (2) yo dwe gen yon karaktè jeneral e sistematik ; epi (3) yo dwe komèt yon kad oswa aplikasyon yon politik deta oswa politik yon òganizasyon.²²¹

Sou baz prèv ki disponib piblikman, gen motif rezonab pou nou konkli tout eleman sa yo reyini pou di atak ki te fèt Lasalin, Bèlè ak Site Solèy reprezante krim kont limanite. Rapò sa itilize nòm « motif rezonab » paske se li menm Pwokirè TPI la te itilize pou detèmine si li nesesè pou ouvè yon ankèt nan yon sitiyoasyon kelkonk, nan lide pou pouswiv moun ki responsab pèsònèlman krim ki komèt yo. Akòz Ayiti siyen men li pa ratifye « Statut de Rome » nan, nan sans sa, Ayiti pa oblije tonbe anba ankèt dirèk Pwokirè a, kad ki itil pou evalye obligasyon entènasyonal Ayiti genyen pou li mennen bon jan ankèt sou krim yo epi pouswiv responsab yo.²²² Anplis, Konsèy Sekirite Nasyon zini ka voye devan TPI dosye krim kont limanite ki komèt an Ayiti yo, san konsidere si Ayiti fè pati « Statut de Rome » nan ou pa.²²³ Nou diskite sou kote potansyèl ki genyen pou jije krim kont limanite nan Seksyon V ki pi ba a.

Atak yo Enplike Zak ki kapab kalifye kòm Vyolans

Pou wè si te gen yon krim kont limanite ki te komèt, pou pi piti dwe gen youn nan krim ki prezante nan Atik 7(1) « Statut de Rome » nan ki egziste. Gen prèv ki montre genyen pou pi piti kat (4) nan krim sa yo ki te komèt nan atak ki te fèt Lasalin, Bèlè ak Site Solèy la: touye moun, vyòl, matirize moun ak pèsèkasyon kont yon gwoup moun akòz idantite politik yo. Men yon analiz sou chak krim sa yo.

Touye Moun

« Statut de Rome » ak « Eleman Krim » di gen zak touye moun lè genyen youn oswa plizyè moun ki pèdi lavi yo.²²⁴ Nan ankèt ki mennen sou atak yo, yo rive anrejistre pou pi piti 240 sivil yo te touye nan twa (3) atak yo. Nan atak kont Lasalin nan an Novanm 2018, RNDDH te anrejistre pou pi piti 71 moun yo te touye pandan asayan yo t ap tire sistematikman epi dekapite sivil.²²⁵ Li posib pou chif sa se yon

souzezimasyon; paske gang yo te boule anpil kò, rache an plizyè moso epi yo jete yo, anketè dwa moun yo te remake moun p ap janm konnen vrè kantite mò ki te genyen yo.²²⁶ Nan atak Bèlè a an Novanm 2019, Chérizier ak akolit li yo te touye pou pi piti 24 moun.²²⁷ Ant 23 me ak 28 Jiyè 2020, gang ame ki gen manm G9 nan tèt yo te touye pou pi piti 145 moun nan plizyè atak yo te mennen anndan epi ozanviwon Site Solèy.²²⁸

Vyòl

Vyòl se yon lòt zak ki entèdi nan « Staut de Rome » nan. Pou di gen vyòl, se lè yon moun rive touche kò yon lòt nan fòse, oswa nan itilize menas oswa kontrenn moun nan,²²⁹ yon konpòtman ki « vin fè gen penetrasyon, menm si se lejèman, nan yon pati nan kò viktim nan oswa nan kò otè a avèk yon ògàn seksyèl. »²³⁰

Òganizasyon k ap defann dwa moun yo te remake yo itilize vyòl kòm yon zouti pou teworize sivil nan atak Lasalin ak Site Solèy yo. Òganizasyon dwa moun ayisyen yo te rapòte 11 ka vyòl, pami yo sa gang yo te komèt, pandan atak 2018 la nan Lasalin²³¹ RNDDH te entèvyouve yon fi ki gen 19 lane ki fè konnen te genyen pou pi piti senk (5) nègki antre lakay li epi gang yo vyole li.²³² J.J.L., yon sivivan ki genyen 26 lane, te dekri kijan nèg ak zam te antre lakay li, vyole li epi mete dife nan kay li.²³³ Se menm bagay la pou J.J., ki se yon fi 27 lane, ki fè konnen li te lakay lè de (2) nèg ak zam te antre lakay li epi vyole li.²³⁴ Gen yon lòt fi 23 lane yo te bat ak zout zam avan asayan yo te vyole li.²³⁵ Gen yon tifi 14 lane yo te di nan radyo ki sibi vyòl anba men Alectis, ki ap dirije Gang Chabon.²³⁶

Pandan atak Site Solèy la soti 24 Me pou rive 28 Jiyè 2020, RNDDH te anrejistre pou pi piti 18 fanm manm gang yo te vyole.²³⁷ Anpil sivivan te akize gang Iscard Andrice ap dirije kòm prensipal moun ki te komèt yo.²³⁸ A.C., ki se yon fi ki gen 38 lane, ki rapòte se twa (3) manm gang Antrice yo ki te vyole li lakay li jou ki te 3 Jen an.²³⁹ Menm jou a, te genyen yon fi ki gen 25 lane ki rele F.P kote genyen senk (5) manm gang Andrice yo ki te bat li epi vyole li.²⁴⁰ Gen lòt sivivan ki dekri kòman manm gang yo te apwoche yo pandan y ap mache pou y al travay oswa ale nan mache. L.T te nan wout pou li al achte manje pou twa(3) pitit li yo lè gen de (2) nèg ak zam kòmanse bat li epi rale li antre nan yon koridò epi vyole li.²⁴¹ Jou ki te 7 Jiyè a, gen de (2) jenn fi twa (3) nèg ak zam te pran epi kenbe yo pandan plizè èdtan kote yo te vyole li plizyè fwa. S. R., ki se yon fi ki genyen 59 lane, ki t ap mache nan Site Solèy lè manm gang yo te kanpe li epi kòmanse bat li. Youn nan otè yo te mennen li nan kwen nan lari a epi vyole li.²⁴²

Temwayaj sa yo pa kapab dekri tout nivo vyòl ki te fèt pandan atak yo, paske estigmasyon sosyal ki genyen souvan fè viktim yo pa vle denonse krim nan.²⁴³

Matirize moun

Matirize moun yo se yon lòt krim ki konsidere lè y ap pale de krim kont limanite.²⁴⁴ Pou « Statut de Rome », genyen zak kote yo matirize moun, se lè yo fè yon moun sibi entansyonèlman gwo doulè oswa soufrans, kit li fizik oswa mantal, san se pa yon sanksyon lalwa prevwa.²⁴⁵ Tribinal yo pi lwen fè konnen, pou pale de sa, fòk yo fè moun nan sibi gwo doulè oswa soufrans nan objektif pou « jwenn enfòmasyon oswa pou fè moun nan avwe yon bagay, oswa pini, entimide oswa kontrenn viktim nan oswa yon lòt moun. »²⁴⁶

Tribinal yo toujou konsidere vyòl kòm yon fòm kote yo matirize moun.²⁴⁷ Jan nou te wè sa pi wo a, vyòl— matirize moun nan ka sa—te itilize kòm yon zouti pou teworize sivil yo nan 11 ka pou pi piti nan atak Lasalin nan epi pou pi piti nan 18 ka nan atak Site Solèy yo. Asayan nan atak Lasalin yo te matirize viktim yo tou nan vyole yo pandan pwòch yo ap gade. Zak sa yo fè viktim nan sibi gwo

soufrans mantal nou ka konsidere kòm zak matirize moun.²⁴⁸ Nasyonzini verifye gang yo te komèt vyòl sa yo lakay viktim yo, nan figi paran yo oswa pitit yo.²⁴⁹ Gen youn nan ka yo kote otè yo mitile (koupe pati nan kò) paran viktim nan.²⁵⁰ Zak militasyon sa a li menm fè moun nan sibi gwo doulè, e li sanble ak zak matirize moun parapò ak soufrans mantal sa pwovoke lè w ap gade pitit ou y ap vyole.²⁵¹

Gen lòt zak ki te komèt tou pandan atak yo ki fè moun yo sibi gwo doulè ki ka konsidere kòm zak matirize moun. Aprè atak Lasalin nan, kòm egzanp, gen kò moun yo te jwenn ki boule, rache, dekapite epi ki abandone pou kochon manje yo.²⁵²

Zak sa yo sanble ak zak matirize moun paske yo vize pini oswa entimide viktim yo. Chak atak sa yo te mennen kont abitan katye moun konnen ki se basyon opozisyon an epi se kote tout dènye aktivite kont gouvènman yo òganize. Jan nou pral distikite sa pi ba a, otè yo sanble te atake viktim sa yo pou aktivite yo ta òganize kont gouvènman an epi entimide yo pou yo pa òganize lòt pi devan. Anplis, nan atak Bèlè a, RNDDH rapòte gen yon nèg ki rele Etienne Monbrun yo te pran epi yo mennen li Delma 4, kote yo bat li anpil epi finalman touye li paske li pa t bay enfòmasyon manm gang yo te mande li yo.²⁵³ Yon zak konsa sanble tou ak zak matirize moun paske soufrans yo te fè l viv yo te fèt nan lide pou jwenn enfòmasyon.

Pèsekisyon kont yon gwoup oswa yon kolektivite ki ka idantifye akòz opinyon politik yo

Pèsekisyon kont yon gwoup ki idantifyab akòz opinyon politik li se yon lòt zak ki entèdi. « Statut de Rome » defini pèsekisyon kòm vyolasyon entansyonèl e grav dwa fondamantal yo, sa ki antre an kontradiksyon ak dwa entènasyonal, akòz idantite gwoup la oswa kolektivite a.²⁵⁴ Pami privasyon grav dwa fondamantal yo genyen touye moun, agresyon seksyèl, ak domaj sou pwopriyete tankou boule ak piye kay moun.²⁵⁵

Katye Lasalin, Bèlè ak Site Solèy repite kòm basyon opozisyon politik la. Kominote sa yo te patikilyèman aktif nan òganize epi fè manifestasyon kont prezidan Moïse kote y ap mande piblikman pou li demisyone. Istorikman, yo se basyon pati *Fanmi Lavalas*, ki se youn nan prensipal pati ki nan opozisyon ak pati prezidan an ki se PHTK, e yo vin tounen tèren kote ka genyen pi gwo alyans ki ka fèt kont PHTK.²⁵⁶ Jan nou te di l nan Seksyon II a, masak Lasalin nan te fèt aprè plizyè tantativ moun ki byen plase nan gouvènman an te fè pou bay kominote a lajan anba tab pou kanpe sou manifestasyon kont gouvènman an.²⁵⁷ Atak kont Bèlè yo te fèt aprè echèk gouvènman an pou te fòse abitan yo retire barikad pandan manifestasyon kont gouvènman nan *peyi lòk* la.²⁵⁸ Finalman, abitan Site Solèy te kwè yo te sible yo akòz sansiblite politik yo pou *Fanmi Lavalas*, nan jefò pou rasire yo rezilta eleksyon yo ap an favè gouvènman an.²⁵⁹ Kominote nan Pon Wouj pi lwen kwè yo te sible paske yo te anpeche Prezidan Moïse depoze yon jèb flè pandan manifestasyon ki te fèt 18 Oktòb 2018 yo.²⁶⁰ Abitan Lasalin, Bèlè ak Site Solèy te sible akòz idantite yo genyen kòm moun k ap sipòte opozisyon politik la.

Krim sa yo antre nan kad atak yo

Pou ranpli kondisyon pou pale de krim kont limanite, gen krim ki dwe komèt nan kad atak la.²⁶¹ Krim nan pa kapab izole, men si yo retire l nan atak la, pandan n ap konsidere kontèks la ak sikonstans yo, yo pakab yon fason rezonab di li te fè pati atak la.²⁶² Pou detèmine si gen yon zak vyolans espesifik gen bon jan koneksyon ak atak la, dwe gen yon ankèt endividyèl ki fèt. Pou ranpli kondisyon pou pale de krim kont limanite, sepandan, li bon pou nou ta gade zak sa yo nan tout dimansyon yo pou evalye si « karakteristik, objektif, nati yo oswa konsekans yo genyen » demontre yo gen koneksyon ak atak la yon fason objektif.²⁶³

Zak nou te site pi wo yo—touye moun, vyòl, matirize moun ak destriksyon pwopriyete—reprezante kè atak Lasalin, Bèlè ak Site Solèy. Zak sa yo pa izole oswa pa dekonekte ak atak yo, men yo sanble egzekite dapre yon plan ki byen etabli.²⁶⁴ Nou ka ranfòse konklizyon sa paske pou chak atak, yo te genyen ase zam pou yo koze gwo dega epi yo te travay ansanm pou rive fè moun yo sibi vyolans yon fason ki byen kòdone.²⁶⁵

Nan chèche konnen sa ki te pase yo ka revele tou lòt zak ki komèt nan kad atak sa yo.

Atak yo te Vize Dirèkteman yon Popilasyon Sivil

gresyon ki te fèt sou Lasalin, Bèlè ak Site Solèy yo antre nan kad yon atak

« Statut de Rome » egzije pou zak ki entèdi yo fè pati « yon atak ki vize dirèkteman yon popilasyon sivil. »²⁶⁶ Yo pale de « atak » le gen plizyè zak ki komèt ki antre nan kad yon liy konduit oswa yon modèl konpòtman.²⁶⁷ Li dekri yon seri oswa yon pakèt evennman k ap dewoule jeneralman ki kontrè ak yon senp seri aksyon izole.²⁶⁸

Prèy yo montre evennman ki te pse Lasalin, Bèlè ak Site Solèy yo, yo chak reponn ak kritè pou pale de yon atak. Asasina yo, vyòl ak destriksyon pwopriyete nan Lasalin te reyalize dapre yon plan ki te byen monte e ki te swiv yon modèl sistematik ki te fòme yon atak sou katye a.²⁶⁹ Nan Bèlè, asasina ak destriksyon pwopriyete yo te fèt dapre yon plan. Yo te fèt pandan twa (3) jou, e se menm otè yo ki te komèt zak yo ki te plede retounen pou kontinye atak la.²⁷⁰ Finalman, krim G9 te komèt nan Site Solèy yo te swiv tou yon mòd operatwa ki montre se pa jis yon seri aksyon izole yo te ye. Agresyon ki te fèt soti 24-27 Me yo te swiv yon plan ki te sible an menm tan Nan Brooklyn, NanTokyo ak Pon Wouj.²⁷¹ Kòm rezilta, G9 la vin gen kontwòl nèf (9) nouvo katye nan Site Solèy.²⁷² Nan Brooklyn, sepandan rete anba kontwòl rival yo ki se Jean-Pierre.²⁷³ G9 te aprè sa kontinye touye moun, vyole epi detwi pwopriyete moun nan mwa Jen ak Jiyè prensipalman nan katye Nan Brooklyn, pandan li itilize menm modèl vyolans yo ki te sible sivil.²⁷⁴ Prèy yo montre se pa t jis aksyon izole gang yo te komèt, men yo te fè pati yon atak ki t ap mennen sou yon peryòd pwolonje.²⁷⁵

Atak ki te fèt sou Lasalin, Bèlè ak Site Solèy yo ka konsidere kòm yon pati nan yon atak kontini epi ki fèt sou plizyè lane kont moun ki se sivil nan kad jefò pou pran kontwòl kominote ki nan opozisyon ak gouvènman an.²⁷⁶ Enplikasyon repete Chérizier, menm karakteristik katye ki sible yo pataje, ak resanblans ki genyen nan jan atak yo mennen yo montre tou sa fè pati yon modèl atak kontini ki pi laj toujou. Men, etandone prèy ki disponib yo pèmèt nou konkli chak atak yo nan yon menm konsidere kòm krim kont limanite, sepandan rapò sa a analize prensipalman chak evennman kòm yon atak separe.

Atak yo te dirije kont yon popilasyon sivil

Atak yo dwe vize dirèman yon popilasyon sivil. Sa montre diferans ki genyen ant krim kont limanite ak atak ki fèt kont « fòs ki gen zam ak lòt konbatan lejitim. »²⁷⁷ Pou respektè eleman sa a, se sivil yo ki dwe « prensipal objè atak la, » e yo pa dwe jis viktim yon fason aksidantèl pandan atak la.²⁷⁸ Anplis, atak la dwe vize yon pi gwo gwoup moun men pa sèlman yon « kantite moun limite yo chwazi paraza konsa. »²⁷⁹ Pami popilasyon sivil ki te sible a, te genyen gwoup ki defini dapre konviksyon politik yo panse gwoup la genyen.²⁸⁰

Premye objè twa(3) atak sa yo se popilasyon ki rete nan katye yo ki sib yo. Fason yo sible moun sa yo— tankou jan yo fè yo soti oswa al pran yo lakay yo pou touye yo oswa vyole yo—demonstre se yon menm ki prensipal sib atak yo, e yo pa viktim kolateral nan kontèks gang k ap goumen.

Atak yo te genyen karaktè Jeneralize ak Sistematik

Pou konsidere krim espesifik ki komèt kòm krim kont limanite, yo dwe fè pati tou yon atak ki gen karaktè swa jeneralize, oswa sistematik.²⁸¹ Menm si se yon sèl nan kritè sa yo ki nesesè pou pale de sa,²⁸² prèv ki egziste yo pèmèt nou konkli atak Lasalin, Bèlè ak Site Solèy te alafwa jeneralize epi sistematik.

Atak yo te jeneralize

Yo pale de atak jeneralize se lè gen yon gwo atak kote gen anpil viktim.²⁸³ Menm si pa t gen yon barèm ki dwe atenn nan kantite viktim yo ni pa gen okenn egzijans nan sipèfisi jeyografik,²⁸⁴ tribinal yo konsidere konsekans atak sa yo genyen sou popilasyon ki sible a, kantite viktim ak nati zak ki komèt yo.²⁸⁵

Chak nan twa (3) atak sa yo respekte egzijans sa a. nan Lasalin, otè yo te touye 71 moun, vyole sèt (7) moun epi vandalize 150 kay.²⁸⁶ Nan Bèlè, gang yo te touye pou piti 24 moun epi mete dife nan 28 kay.²⁸⁷ Nan atak Site Solèy, otè yo te touye pou piti 145 moun epi boule oswa vandalize plis pase 90 kay.²⁸⁸ Kantite total moun ki te mouri nan atak sa yo se pou pi piti 240. Anplis moun ki viktim ak moun ki blese nan kò yo, atak yo te genyen konsekans ekonomik ak sosyal grav sou popilasyon sivil ki nan katye sa yo. Daprè òganizasyon k ap defann dwa moun yo, gen plizyè santèn sivil ki te deplase kite kay yo aprè masak Lasalin nan.²⁸⁹ Anpil nan yo pa gen posiblite pou tounen lakay yo e sa fè yo tounen sabzabri epi sa yo ki te al pran refij sou Wharf Jérémie yo te mouri egzekite pandan atak Site Solèy la de (2) lane aprè.²⁹⁰ Nazyonzini fè konnen atak kont Site Solèy la te lakoz pou piti 298 fanmi kite lakay yo,²⁹¹ epi Ofis Pwoteksyon Sitwayen ki an Ayiti te estime kantite moun ki te deplase yo te pi plis pase 1000.²⁹² Pandan ensekirite a ap ogmante, laperèz ak twomatis kontinye abite lakay kominote ki sible yo.

Atak yo te genyen karaktè sistematik

Menm si li nesesè sèlman pou demonstre yon atak jeneralize, gen prèv tou pou di atak yo te fèt yon fason sistematik. Karatè sistematik krim yo fè referans ak « òganizasyon ki te genyen pou komèt zak vyolans yo ak enposiblite pou se ta aksyon ki rive paraza. »²⁹³ Yo ka demonstre gen yon atak atravè model krim ki komèt yo— sa vle di « repetisyon menm konpòtman kriminel yo ki fèt sou yon baz regilye. »²⁹⁴ Gen lòt faktè ki montre gen atak sistematik epi òganize tankou idantifikasyon yon popilasyon sib avan kòmansman atak la, transpò asayan yo soti lòt kote espesifik ak inifòm epi zam asayan yo resevwa.²⁹⁵

Atak sou Lasalin, Bèlè, ak Site Solèy yo te lwen pou nou konsidere kòm atak ki fèt britsoukou oswa paraza; olye sa, chak atak te òganize epi te genyen ladan yo yon seri konpòtman kriminel ki menm.

Atak sou Lasalin an 2018 la te byen òganize epi li te fèt dapre yon plan etabli. De (2) semenn avan atak la, Richard Duplan, ki se Delege depatmantal Lwès Prezidan Moïse te nome; Fednel Monchéry, ki se Direktè Jeneral Ministè Enteryè; ak chèf gang Chérizier te rankontre pou planifye atak la.²⁹⁶ Pandan rankont planifikasyon an, Duplan ak Monchéry ta pote bay gang yo: zam, inifòm lapolis ak machin gouvènman an ki te itilize pandan atak la, epi li te peye pou egzekisyon atak la.²⁹⁷ Nan dat 13 Novanm 2018, preske 50 asayan ki gen gwo zam nan men yo te rive ansanm nan Lasalin pou fè atak la.²⁹⁸ Zak vyolans ki te fèt pandan atak la te swiv yon mòd operatwa ki menm: pandan katòz èdtan, asayan yo te divize tèt yo an kat (4) gwoup epi yo te ale sistematikman nan yon kay epi nan yon lòt, rale abitan yo mete deyò epi touye yo ak yon sèl bal oswa ak kout manchèt.²⁹⁹ Gen anpil kò ki te rache an plizyè moso epi plizyè fanm ki te vyole.³⁰⁰ Te genyen 150 kay yo estime ki te piye epi boule.³⁰¹ Gang yo

sanble te planifye fason pou yo elimine kò yo; gang yo te boule kadav yo nan aprèmidi epi te gen yon traktè ki te pase pran kò ki boule yo epi deplase yo mete yon lòt kote nan lannwit 15-16 Novanm.³⁰²

Atak Bèlè a an 2019 te planifye epi òganize menm jan an, epi li montre te genyen yon modèl y ap swiv pou teworize sivil yo. Aprè plizyè tantativ pou te retire barikad anflame ki te mete nan wout Bèlè yo ki te echwe nan kad manifestasyon *peyi lòk*, epi Sekretè Deta Sekirite Piblik Léon Saint-Cyr ta rankontre ak Chérizier epi peye li yon gwo kantite lajan pou sekirize operasyon retire barikad yo epi anpeche lòt manifestasyon kontgouvènman an nan Bèlè.³⁰³ Premyeman Chérizier te apwoche òganizatè yo avèk 40 nèg ame epi te chèche kòwonp yo pou yo retire barikad yo,³⁰⁴ Aprè yo fin repouse li, Chérizier te mennen 50 nèg ak gwo zam otomatik nan Bèlè jou ki te 4 Novanm 2019 la pou mennen atak la.³⁰⁵ Yo teteworize katye a, nan tire sivil yo epi mete dife nan kay yo.³⁰⁶ Gang yo te retounen pandan de (2) nwit youn dèyè lòt, kote yo mete menm inifòm militè epi tire yon lòt fwa ankò sou sivil yo epi mete dife nan kay yo pandan y ap dòmi.³⁰⁷

Atak mwa Me-Jiyè 2020 an sou Site Solèy revele te gen òganizasyon ak yon mòd operatwa pou teworize sivil yo atravè menm konpòtman kriminel yo. Te genyen trèz (13) chèf gang ki soti nan G9 ki te rankontre nan dat 23 Me 2020 an pou planifye atak an menm tan sou PonWouj, Chansrèl ak Nan Toyo.³⁰⁸ Nan atak sa yo, gang yo te tire ankò sou sivil yo, boule kò yo epi mete dife lakay yo.³⁰⁹ Sa yo ki te eseye chape pou l yo te sible espesifikman epi yo tire yo, atake yo ak kouto oswa kout wòch.³¹⁰ Genyen yo te dekapite. Pandan tout mwa Jen ak Jiyè, G9 te kontinye atake abitan Site Solèy yo pou yo kapab pran pati ki poko anba kontwòl yo.³¹¹ G9 te konsantre li patikilyèman sou Nan Brooklyn, ki se yon katye ki anba kontwòl rival Jean-Pierre.³¹² Pandan atak sa yo, manm gang yo te swiv menm mòd operatwa a pou teworize sivil yo nan pran yo epi tire yo oswa vyole yo epi boule yon pakèt kay.³¹³ Vyolasyon yo pa t sanble fèt paraza, aksidantèlman oswa yon fason izole.

Atak yo fèt an favè yon politik Deta oswa yon Òganizasyon

« Statut de Rome » nan egzijè tou pou atak yo te mennen nan kad, oswa an favè yon politik deta oswa yon òganizasyon.³¹⁴ Eleman politik la pa fè referans ak yon politik ki defini fòmèlman nan sans moun itilize abityèlman ; men pito, tout atak « ki planifye, dirije oswa òganize—kontrèman ak zak vyolans bristoukou oswa izole »³¹⁵ ap konsidere kòm yon politik. Pou di se yon politik, li enpòtan pou leta a oswa òganizasyon an fè pwoposyon oswa ankouraje yo kont yon popilasyon sivil.³¹⁶ Sepandan, Atak yo pa oblije predetèmine pou yo fè pati yon politik. Yon politik ka « kòmanse parèt klè epi devlope sèlman ti kras pa ti kras pandan responsab yo kòmanse adopte epi egzekite mezi yo, » pou politik global la kapab defini jis aprè.³¹⁷ Motif oswa objektif la pa nesesè pou pwouve genyen yon politik pou atake yon popilasyon sivil.³¹⁸

Eleman politik yo pataje anpil bagay ki menm ak eleman sistematik yo, nan yon pwèn kote prèv sa yo enpòtan anpil pou demontre yon atak gen yon karaktè sistematik epi li enpòtan tou pou konnen si atak la antre nan kad yon politik.³¹⁹ Sepandan, de (2) eleman sa yo pa pa jis sinonim.³²⁰ Karaktè sistematik yon atak konsènen chema zak kriminel ki repete yo, ki pa fèt paraza, men « pou pale de yon ‘politik’ li nesesè pou demontre sèlman Leta a oswa òganizasyon an te gen entansyon pou komèt yon atak kont yon popilasyon sivil. »³²¹

Atak yo fèt an favè yon politik deta

Gen motif konsiderab pou konkli atak Lasalin, Bèlè ak Site Solèy te fèt an favè yon politik Deta ki te vize atakte sivil pou kapab dekouraje oswa fè represyon sou opozisyon politik la. Yon politik deta pa oblije klè oswa fòmèl; nan sans sa, li yon jan ra pou yon « Leta oswa yon òganizasyon ki ap chèche

ankouraje yon atak kont yon popilasyon sivil ta adopte epi difize yon plan oswa yon pwojè ki etabli a lavans nan sans sa a. »³²² Okontrè, yo ka dedui genyen politik atak deta apati prèv tankou preparasyon oswa mobilizasyon kolektif Leta li menm li kòdone,³²³ tankou « rekritman gang yo pou al poze zak vyolans sou kominote yo konsewa kòm rival yo. »³²⁴ Absans aksyon delibere lapolis, pou ankouraje atak la³²⁵ ak kontèks politik atak yo fèt la³²⁶ se eleman ki enpòtan.

Enplikasyon divès dirijan nan administrasyon Moïse la ak ajan lapolis nan planifikasyon ak egzekisyon atak la montre gen yon politik deta ki vize atake sivil. Jan sa te di nan seksyon avan an, chak atak yo te fèt dapre yon plan, epi prèv yo montre dirijan ki nan gouvènman an te patisipe aktivman nan preparasyon pou pi piti atak Lasalin ak Bèlè epi montre yo te angaje gang pou egzekite atak yo. Atak sou Site Solèy la te deklannche anba lòd yon dirijan nan adminitrasyon an moun pa idantifye ki te peye Altès pou li chanje kan politik epi pou li touye yon lòt chèf gang ki kont gouvènman an nan zòn nan.³²⁷ Menm si dirijan an pa kòmandite li menm atak kont sivil, sa ranfòse lide ki di gang yo te itilize pou aplike yon politik Deta.

Itilizasyon kontini resous lapolis la nan egzekisyon atak yo apiye agiman ki di sa te fè pati yon politik.³²⁸ Manm gang yo te vini nan yon machin BOID nan kad atak Lasalin nan,³²⁹ polisye ki te san inifòm te atake sivil yo ansanm ak manm gang yo nan atak Bèlè yo;³³⁰ epi Chérizier te rive nan Site Solèy nan yon machin Lapolis nan atak Me 2020 yo.³³¹ Anplis, lapolis pa t entèvni pou pwoteje sivil yo nan chak atak sa yo. Atak Lasalin nan te dire 14 èdtan san pa genyen okenn entèvansyon Lapolis malgre genyen de (2) soukomisarya ki twouve yo a yon distans ki mwens pase yon kilomèt epi genyen senk (5) inite diferan nan lapolis la ki te gen enfòmasyon sou atak yo.³³² Atak Bèlè a te fèt sou yon peryòd twa (3) jou san pa genyen okenn entèvansyon lapolis, malgre genyen komisarya lapolis ki twouve yo arebò zòn nan epi te genyen yon patwouy BOID ki te bay lapolis la alèt sou atak yo.³³³ Lapolis pa t entèvni non plis nan atak mwa Me a nan Site Solèy, epi RNDDH rapòte genyen mwens prezans lapolis nan zòn nan jeneralman malgre vyolans ki pa sispann genyen kont sivil nan mwa ki te pase yo.³³⁴ Akoz atak yo te dire lontan, sa te bay plis opòtinite pou omwens lapolis te tante entèvni, mande ranfò ak / oswa rasanble resous. Espyalman lè nou konpare ak gwo demonstrasyon lafòs lapolis la konn fè kont manifestasyon yo, sitiyasyon sa yo ka demontre gen yon objektif klè pou ankouraje atak sa yo fèt.

Finalman, kontèk politik atak yo montre yo reyalize nan kad yon pi gwo politik represyon. Jan nou te di sa nan Seksyon I an, Prezidan Moïse te angaje li nan yon chema represyon kontini kont opozan politik li yo. Anplis de sa, jan sa detaye pi wo a, chak katye ki atake yo se basyon opozisyon an epi chak atak yo fèt nan kontèks entansifikasyon manifestasyon kont administrasyon Moïse la. Kontèks politik la ak enplikasyon aktè ki nan leta nan planifikasyon ak egzekisyon atak yo, montre atak yo te fèt nan kad yon politik deta.

Atak yo te fèt an favè yon politik separe gang yo genyen

Atak yo sanble tou fèt an favè pwòp politik òganizasyonèl gang yo pou atake sivil nan lide pou kontwòl kèk teritwa. Premyeman, gang ki te komèt atak yo se òganizasyon yo ye si nou konsidere definisyon « Statut de Rome » nan bay.« Òganizasyon » enplike aktè ki pa nan leta epi li pa oblije òganize li menm jan ak yon leta.³³⁵ Men pito, sa ki ka fè nou konn sa se:(1) eske gen yon moun ki responsab pou kòmande gwoup la oswa eske gen plizyè grad ki etabli nan gwoup la;³³⁶ (2) eske gwoup la gen kapasite ki nesèsè pou « pèmèt yo egzekite yon atak », tankou genyen ase manm ak resous pou mennen « aksyon, respekte akò li genyen ak lòt epi fè kòdinasyon »³³⁷; (3) Eske li genyen kontwòl yon pati nan teritwa yon leta a; epi (4) eske prensipal objektif li se mennen aktivite kriminel kont sivil. Lè nou aplike faktè sa yo, yo te jwenn gang òganize nan lòt kontèks te respekte definisyon « Statut de Rome » nan bay konsènan yon òganizasyon.³³⁸

Jan nou te montre sa nan Seksyon I rapò sa a, gang ki te enplike nan atak sa yo se yon pakèt gwop estriktire ki òganize yo anba lòd yon chèf k ap kòmande manm yo.³³⁹ Gang yo kontwole diferan teritwa, yo kontwole resous ki enpòtan yo epi souvan jwe wòl leta ta dwe jwe parapò ak popilasyon yo kontwole yo. Estrikti ak resous sa yo pèmèt chèf gang yo kòdone efikasman atak kont popilasyon sivil la.

Gen anpil prèv ki montre gang yo t ap aji dapre yon politik pou kontwole teritwa nan atake popilasyon sivil la. Menm si analiz sou chak gang espesifik ki enplike nan atak sa yo depase kad rapò sa a, gang sa yo jeneralman swiv yon modèl ekonomik ki chita sou egzès otorite yo sou teritwa atravè itilizasyon vyolans.³⁴⁰ Jan nou te diskite sa pi wo a, atak yo te mennen anba direksyon chèf gang ki etabli tèt yo, yo te planifye alavans, epi byen òganize nan egzekisyon yo. Chérizier, ki te li menm planfiye chak atak sa yo, di li menm sa antre nan kad yon politik, kote li kalifye aktivite gang li yo kòm yon « revolisyon ame », pandan n ap fè remake li di ta pral « mete zam nan men tout timoun si li ta oblije fè sa. »³⁴¹ Tout aspè sa yo montre atak yo te fèt nan kad yon politik òganizasyonèl.

Nan sans sa a, gen motif rezonab pou konkli pou di eleman krim kont limanite yo reyini nan atak sou Lasalin, Bèlè ak Site Solèy.

IV. Prè ki Disponib yo Montre genyen Plizyè Aktè ki nan Leta ki Responsab Krim Kont Limanite

Daprè dwa entènasyonal penal, responsablite penal pou krim kont limanite enplike non sèlman moun ki komèt zak vyolans yo men tou li enplike moun ki te planifye, kòmandite, bay lòd oswa pote sipò epi ankouraje planifikasyon, preparasyon oswa egzekisyon atak yo.

Jiska jodia, pifò nan rapò ki fèt sou plan entènasyonal sou atak yo konsantre yo sou gang yo kòm prensipal moun ki komèt zak yo.³⁴² An reyalye, se chèf gang ki te dirije atak yo, pami yo Jimmy Chérizier, ki sanble te jwe yon wòl prensipal nan òganize epi egzekite chak nan twa(3) gwo atak anblematik sa yo. Anketè yo te idantifye tou gen gang ki te patisipe dirèkteman nan egzekisyon atak yo, epi nan kèk ka, gen moun ki komèt kèk krim espesifik.³⁴³ Li enpòtan pou gen bon jan ankèt ki mennen sou moun sa yo, pou yo jije epi kondane yo pou krim kont limanite. Jan Nasyonzini te di l la, echèk ki genyen nan fè otè yo rann kont pou atak sa yo ap « kreye yon anviwonman ki ap favorize plis vyolans pi devan. »³⁴⁴

Poutan prè ki disponib yo sijere tou gen enplikasyon repete aktè ki nan leta alafwa nan komèt krim yo epi nan bay lòd, kòmandite epi fasilite atak yo. Pami aktè sa yo genyen polisye ki te patisipe nan egzekite atak yo oswa ede nan egzekisyon yo; dirijan wo plase nan administrasyon Moïse la ki sanble ta kòmandite atak yo; epi Prezidan Moïse li menm, parapò ak pozisyon kontwòl li genyen ak absans reyasyon li ka fè li gen responsablite pa li daprè doktrin responsablite moun k ap kòmande yo. Moun ki twouve yo nan pozisyon siperyè epi ki manke nan responsablite yo genyen pou prevni oswa pini krim kont limanite kapab konsidere kòm moun ki pi koupab pase otè dirèk yo, parapò ak pozisyon lidè yo genyen ak mankman nan devwa yo pou prevwa epi pini moun ki komèt krim yo.³⁴⁵

Malgre responsablite posib aktè ki nan leta yo ta genyen nan atak sa yo, wòl yo nan komèt krim kont limanite an Ayiti te yon jan atire mwens atansyon nan nivo entènasyonal.³⁴⁶ Nan lide pou bay yon pi gwo deskripsyon sou aktè ki ta kapab responsab pou krim kont limanite ki komèt an Ayiti yo, seksyon sa idantifye prensipal teyori jiridik ki kapab konsidere pou gade responsablite kriminel yo genyen pou atak yo.

Atribye responsablite penal bay kèk moun espesifik mande pou genyen yon ankèt apwofondi e endividyèl sou zak yo ak eta despri otè yo e sa ap mande pou genyen investigasyon ak ankèt adisyonèl. Menm si yon analiz konsa depase kad rapò sa a, seksyon sa prezante kad pou analiz ki pi pètinan yo pou konprann responsablite potansyèl aktè ki nan leta yo ki enplike nan atak yo jiska jodia. Gen plis ankèt ki nesesè pou etabli nivo enplikasyon Leta, zak espesifik diferan endividi yo te enplike ladan, ak eta despri akize yo.

Enplikasyon dirèk nan komèt zak yo

An plis manm gang yo, prè ki disponib yo enplike aktè ki nan leta yo nan komèt kèk krim dirèkteman. Yo kapab rann moun sa yo responsab sou plan penal si zak yo komèt yo fè pati yon atak jeneralize oswa sistematik epi si yo te aji pandan yo konnen konpòtman yo genyen an fè pati yon atak konsa.³⁴⁷

Ankèt yo revele gen plizyè ajan lapolis ki te patisipe nan atak yo bò kote manm gang yo. Chérizier te toujou nan lapolis la nan moman atak Lasalin nan e yo te toujou konsidere l kòm responsab atak yo.³⁴⁸ Epi ajan lapolis ki rele Gregory Antoine, *alias* Ti Greg, ak Gustave *alias* Chupit te akize li kòm moun ki

te patisipe nan atak Lasalin nan.³⁴⁹ Nan atak sou Bèlè, temwen yo rapòte genyen twa (3) polisye ki abiye ak rad sivil ki gen koneksyon ak gang Chérizier a ki te tire sou abitan yo epi boule machin menm kote ak manm gang yo.³⁵⁰ Ankèt Nasyonzini an te idantifye de (2) nan polisye pou chak komisarya epi remake twazyèm nan ta yon manm sekirite Palè Nasyonal.³⁵¹ Nan atak Site Solèy la, te genyen polisye ki te vini sou machin blende ki te travèse katye pandan yon atak e ta tire epi touye senk (5) sivil.³⁵²

Yo ka rann ajan lapolis sa yo responsab paske yo te enplike dirèkteman nan komèt krim kont limanite si yo te konnen zak sa yo te fè pati atak yo epi gen entansyon pou fè sa.³⁵³ Etandone yo te wè ajan lapolis ki t ap travay menm kote ak manm gang yo pandan atak yo, e li posib pou yon enfòmasyon konsa egziste. Li nesèsè pou genyen yon ankèt apwofondi epi endividalize ki mennen sou aksyon ak eta despri kèk ajan lapolis yo pou fikse responsablite yo.

Sipòte epi Ankouraje atak yo

Menm si pa gen ase prèv pou di aktè ki nan leta yo komèt pèsònèlman zak kriminel sa yo, men yo kapab rann yo responsab kòm konplis nan krim kont limanite.³⁵⁴ Lè nou pale de konplis nou vle pale de aksyon ki fèt oswa sa ki pa fèt pou ede, ankouraje oswa nan pote sipò moral nan krim yo.³⁵⁵ Èd la kapab swa pratik, materyèl, moral oswa sikolojik,³⁵⁶ akondisyon li genyen konsekans sou krim nan.³⁵⁷ Anplis, dapre « Statut de Rome », moun ki konplis la dwe ajè nan objektif pou fasilite yo komèt krim nan.³⁵⁸

Polis Nasyonal Dayiti

Prèy ki egziste montre gen ajan PNH ki ta konplis nan krim sa yo atravè: (1) prezans yo ak aksyon yo pandan dewoulman atak yo,³⁵⁹ (2) nan founi resous PNH ki ta pral itilize nan atak yo,³⁶⁰ epi (3) akoz yo pa t entèveni pou pwoteje sivil ki t ap sibi atak la.³⁶¹

Premyeman, jan nou di li piwo a, te genyen yon kanite polisye ki te soutni aktivman gang yo nan komèt tout twa (3) atak sa yo. Nan Lasalin, Bèlè, yo te idantifye polisye ki te patisipe nan atak yo bò kote manm gang yo.³⁶² Menm si pa gen ase prèv pou rann yo dirèkteman responsab nan zak sa yo, men prezans yo ta sanble sèvi kòm ankourajman yo pote bay prensipal otè yo, espesyalman parapò ak pozisyon otorite yo genyen.³⁶³ Sikonsans atak yo, tankou planifikasyon avan atak yo, dimansyon atak yo, konsantrasyon ak peryòd pwolonje atak yo epi akoz genyen ajan lapolis ki te travay bò kote manm gang yo pandan atak yo, montre yo te genyen entansyon pou fasilite krim yo atravè prezans yo. Nan Site Solèy, polisye pa t rive nan menm moman ak gang yo, men yo pa t entèveni pou kanpe atak yo men okontrè yo te petèt pote èd yo nan itilize pwòp fòs yo genyen kont sivil yo. Nan dat 26 Me 2020, gen senk (5) machin blende PNH la ki te pake nan antre Nan Brooklyn epi tire gaz lakrimojèn ki te fòse abitan yo kouri kite lakay yo epi prepare tèren an pou gang yo kapab pouswiv epi atake sivil yo sistematikman.³⁶⁴ Nan mwa Jiyè, genyen de (2) machin blende PNH la ki te travèse yon zòn G9 t ap atake epi tire sou moun k ap pase, epi touye pou pi piti senk (5) sivil.³⁶⁵ Lòt ankèt kapab sipòte konklizyon ki fè konnen lapolis te ajè nan objektif pou fasilite atak yo.

Anplis de sa, RNDDH, fè konnen Chérizier jeneralman opere ak èd ajan PNH, ki fasilite transpò yo epi garanti sekirite li menm pandan dewoulman aktivite kriminel yo.³⁶⁶ RNDDH te idantifye polisye ki rele Garry Sanon, Alain Boyard, Mackendy Cantave, David Diverant, ak Luckson Dessources k ap ajè ansanm ak Chérizier.³⁶⁷ Si gen ankèt adisyonèl ki montre yo te itilize sèvis yo nan atak n ap pale la yo epi si yo te founi sèvis yo nan objektif pou fasilite atak yo, ajan sa yo kapab yo menm rekonèt kòm konplis krim kont limanite.

Dezyèmman, gen resous ofisyèl PNH la tankou zam, machin ak inifòm ki te itilize nan atak sou Lasalin ak Site Solèy yo. Nan Lasalin, gen kèk nan otè yo yo te transpòte nan espas la nan machin blende BOID, mete inifòm BOID pou fè abitan yo kwè sa fè pati yon operasyon lapolis la olye se yon operasyon ki vize abitan yo menm.³⁶⁸ Ankèt RNDDH la montre se Duplan ak Monchéry ki ta founi resous sa yo, men ankèt adisyonèl ka montre te gen ajan lapolis ki te konplis nan mete resous yo disponib nan objektif pou fasilite krim yo.³⁶⁹ Nan Site Solèy, Chérizier te vini tou sou plas kote atak Me a te fèt la nan machin PNH.³⁷⁰ An Jiyè 2020, gen kat (4) machin blende lapolis ki te ede gang Andrice ak Saintil ap dirije yo rebran kontwòl yon kay kote yo te touye anpil moun.³⁷¹ Menm si ankèt ki fèt jiska jodi a pa di kijan yo te pase pou jwenn machin sa yo, ankèt adisyonèl ka montre se dirijan PNH yo ki te founi yo pou fasilite krim nan.³⁷²

Finalman, lapolis te ka fasilite krim yo lè yo pa asime responsablite legal yo genyen pou entèvi pou pwoteje sivil yo pandan atak yo. Pandan plizyè jou atak yo te dire nan Bèlè, abitan yo te rele anpil pou mande sekou, atak la menm ap pase nan yon katye ki tou prè komisarya lapolis epi te gen yon patwouy lapolis ki te alète kòmanman santral la sou atak la, men PNH la pa t reponn. Jan Nasyonzini te konstate sa, akòz lapolis pa t reponn moun Lasalin, kapab non sèlman fè kwè te genyen yon apwobasyon ofisyèl pou atak yo men tou yo te fasilite moun yo antre al komèt krim yo epi koze lanmò tout moun sa yo.³⁷³ RNDDH te konstate tou akòz prezans lapolis ki diminye nan Site Solèy « fasilite entansifikasyon atak ame manm G9 yo kont popilasyon an. »³⁷⁴ Pou konkli, absans aksyon sa vyole obligasyon legal lapolis genyen pou aji, sepandan, lapolis dwe genyen mwayen pou li aji,³⁷⁵ sa PNH la toujou ap reklame.³⁷⁶

Dirijan nan Administrasyon Moïse la

Yo ka rann dirijan Gouvènman an responsab kòm konplis krim kont limanite parapò ak kad legal nou te site pi wo a. Gen ase prèv ki montre administrasyon Moïse la te founi yon asistans pratik ak moral bay gang ki te komèt atak nan Lasalin ak Bèlè. Duplan ak Monchéry ta founi zam ak machin ki te itilize nan atak Lasalin nan.³⁷⁷ Duplan te fizikman prezan ak Chérizier, Gregory Antoine ak lòt asayan ki te nan espas atak Lasalin nan te fèt la, sa ki kapab gen kòm efè pou ankouraje yo epi sipòte yo moralman.³⁷⁸ Akòz Duplan ak Monchéry te founi resous nan kad rankont planifikasyon an montre entansyon pou sipòte atak la.

Anplis, akòz Léon Saint-Cyr ta kontakte Chérizier pou fini ak manifestasyon kont gouvènman ki pa sispann ogmante avan atak Bèlè a³⁷⁹ ta sanble sèvi kòm prensipal ankourajman pou atak la. Dezisyon Saint-Cyr pou li angaje Chérizier poze aksyon sa a, pandan tout moun byen konnen Chérizier pou vyolans li te itilize kont sivil alafwa nan Gran Ravin ak Lasalin, ka montre entansyon pou fasilite yon atak vyolan. Sepandan, yon ankèt pi apwofondi sou efè sipò a ak eta despri Saint-Cyr ta nesesè, espesyalman parapò ak deklarasyon Saint-Cyr te fè pou nye akizasyon yo.³⁸⁰

Bay lòd, Kòmandite oswa ensite moun komèt Krim yo

Daprè dwa entènasyonal penal, endividi yo responsab krim kont limanite si yo jwenn yo te bay lòd, kòmandite oswa ankouraje krim lòt moun komèt.³⁸¹ Yo kapab rann moun ki nan pozisyon otorite responsab paske yo bay lòd pou komèt krim si yo te itilize otorite yo genyen pou bay yon lòt moun lòd pou komèt yon enfrazyon.³⁸² Yon relasyon fòmèl ant chèf –sibaltèn pa nesesè.³⁸³ Lòd yo dwe enplike poze yon aksyon, olye pou moun nan fèt yon omisyon, men lòd la pa oblije bay dirèkteman, ni yon lòd ekri, oswa pou yo bay lòd la nan yon fòm patikilye.³⁸⁴ Moun yo dwe tou gen entansyon pou bay lòd pou komèt krim nan oswa dwe konsyan sou gwo pwobablite ki genyen pou yo komèt zak sa yo akòz lòd yo bay la.³⁸⁵ Yo ka rann moun moun ki bay lòd, ankouraje oswa kòmandite krim yo

responsab menm jan ak moun ki te komèt zak la paske yo te ankouraje oswa ensite yo fè sa.³⁸⁶ Dwe genyen yon lyen ant koz la ak efè a, oswa yon koneksyon, ant lòd la ak enfrazyon ki komèt la alafen.³⁸⁷ Anplis, yo dwe te ajè swa ak entansyon pou ensite yon lòt moun komèt yon krim, oswa paske yo konsyan sou « gwo pwobabilite ki genyen pou yon krim komèt nan egzekisyon lòd la oswa nan omisyon li pouse moun nan fè a. »³⁸⁸

Gen dirijan ki byen plase nan administrasyon Moïse la yo kapab rann responsab kòm moun ki te bay lòd, ensite, kòmandite oswa ankouraje gang yo pou yo komèt krim yo nan Lasalin ak Bèlè. Prèy yo sijere ak anpil fòs pou fè konnen dirijan gouvènman an tankou Duplan ak Monchéry te bay lòd, ensite, oswa kòmandite gang yo pou atake sivil nan Lasalin, DCPJ te idantifye yo kòm « otè prezime » nan atak Lasalin nan.³⁸⁹ Yo te bay Chérizier ak lòt moun manda pou komèt krim sa an echanj vèsman lajan.³⁹⁰ Yo te patisipe tou aktivman nan planifikasyon atak la e yo ta founi prensipal resous yo, pami yo gen zam, machin gouvènman an ak inifòm lapolis ki kontribye anpil nan enfrazyon ki te komèt yo.³⁹¹ Gen temwen ki rapòte Duplan te prezan pèsònèlman pandan atak Lasalin nan epi li di Chérizier « ou touye twòp moun », sa ki sijere li te konnen gen krim ki ta pral komèt nan egzekisyon lòd la.³⁹² Planifikasyon alavans dirijan ki wo plase nan gouvènman se prèy entansyon yo te genyen pou komèt zak kriminèl, epi sa demontre yo te konnen konpòtman yo t a p enflyase manm gang yo nan komèt krim yo.

Menm jan an, Leon Saint-Cyr, ki se yon dirijan nan gouvènman an, ta bay lòd, ensite oswa kòmandite Chérizier ak gang li yo pou yo atake sivil nan Bèlè. Saint-Cyr ta mande Chérizier pou li retire barikad ki sou wout yo epi anpeche lòt manifestasyon fèt kont gouvènman an, an echanj gwo kantite lajan ak anpil motosiklèt.³⁹³ Konpòtman sa ensite Chérizier pou li retire barikad ak lafòs, nan atake sivil an Novanm 2019. Echanj lajan an montre demann Saint-Cyr la te kontribye anpil nan atak ki te fèt sou Bèlè kont sivil yo, e se petèt sa ki te lakoz tout bagay rive. Parapò ak pase Chérizier tout moun konnen ki te itilize vyolans kont sivil, Saint-Cyr t ap okouran de enplikasyon Chérizier nan tip operasyon sa yo ki kapab mennen nan zak kriminèl.³⁹⁴

Asosyasyon malfèktè

Dirijan nan gouvènman an ak ajan nan PNH gen posiblite pou yo pran yo kòm responsab paske yo te patisipe nan yon asosyasyon kriminèl ak moun ki te komèt atak yo. Yon inisyativ kriminèl tèt kole pa t oblije òganize fòmèlman nan yon estrikti militè, politik oswa administratif,³⁹⁵ men pito egzistans yon plan, yon pwojè oswa yon objektif tèt ansanm ki vize komèt yon krim enpòtan anpil.³⁹⁶ Li pa nesèsè pou objektif la te defini oswa fòmèl alavans; li ka materyalize nan menm moman an epi moun kapab dedui objektif la nan sa k ap pase yo.³⁹⁷ Pou yo rann yon moun responsab sou baz teryori sa a, moun nan dwe te kontribye yon fason ki enpòtan oswa genyen gwo enflyans nan reyalizasyon objektif inisyativ la, kòm egzanp nan founi zam pou egzekite plan an.³⁹⁸ An plis, tout ko-otè yo, akize yo, dwe te gen menm entansyon pou komèt krim nan.³⁹⁹

Dirijan nan Administrasyon Moïse la

Menm si egzijans pou genyen yon gwo kontribisyon nan yon krim planifye ap mete ba a nan yon nivo ki wo pou rann moun responsab nan kad yon inisyativ kriminèl ki fèt nan tèt ansanm, Duplan ak Monchéry kapab ranpli kondisyon sa pou wòl yo te jwe nan atak Lasalin nan. Plan tèt ansanm yo te genyen an parèt klè parapò ak rankont yo te genyen ak manm gang yo de (2) semenn avan atak la pou planifye li.⁴⁰⁰ Rankont planifikasyon sa demontre tou entansyon pataje ki te genyen ant tout moun ki ten enplike yo—Duplan, Monchéry, ak chèf gang yo— pou komèt atak la. Duplan ak Monchéry te kontribye anpil nan krim nan parapò ak planifikasyon atak la epi nan bay resous pou atak la, pami yo

zam, machin ak inifòm lapolis.⁴⁰¹ Pi lwen, Duplan te prezan nan moman atak la bò kote manm gang yo.⁴⁰² Gwo kontribisyon sa montre yo te genyen entansyon pou komèt atak kont sivil yo.

Polis Nasyonal Dayiti

Ankèt pi apwofondi kapab revele tou genyen polisye ki te angaje nan inisyativ tèt ansanm sa a avèk chèf gang yo. Eleman prèv ki kolekte yo jiska jodia pa montre kijan yo te jwenn resous lapolis ki te itilize nan atak yo, men si li pwouve genyen enplikasyon polisye nan mete resous sa yo disponib nan objektif pou fasilite atak yo, nan ka sa nou kapab konsidere te genyen yon inisyativ tèt ansanm.

Prezidan Moïse Kapab Responsab pou Krim Kont Limanite Daprè Doktrin Responsablite Kòmanman an

Yo ka rann pèsònèlman Prezidan Moïse responsab sou plan penal pou krim kont limanite ki komèt pandan manda li kòm prezidan. Patikilyèman akòz wòl enpòtan dirijan ki nan administrasyon li an jwe nan planifikasyon ak egzekisyon atak Lasalin nan, sa kapab antrene responsablite li daprè doktrin responsablite kòmanman an. Se yon nòm ki byen etabli nan kad dwa entènasyonal kote yo kapab rann « kòmandan militè yo ak lòt moun ki nan pozisyon otorite siperyè responsab sou plan penal pou konpòtman ilegal moun ki anba lòd li yo komèt. »⁴⁰³ Yo ka sòlve responsablite penal la « swa akòz aksyon chèf la komèt oswa akòz omisyon koupab li fè, » tankou « pa pran mezi pou anpeche oswa reprime konpòtman ilegal moun ki anba lòd li yo. »⁴⁰⁴

Pou rann Prezidan Moïse responsab sou plan penal daprè doktrin responsablite kòmanman an, gen twa (3) eleman ki dwe reyini: (1) gen yon relasyon ant chèf-sibaltèn ant moun ki bay lòd la ak moun ki komèt krim nan;⁴⁰⁵ (2) moun ki bay lòd la te konnen oswa ta dwe konnen, daprè sikonsans moman an, sibaltèn li yo te komèt, t ap komèt, oswa te planifye pou komèt zak kriminel;⁴⁰⁶ epi (3) moun ki bay lòd la pa t rive anpeche krim sa yo komèt, oswa pa t rive pini sibaltèn li yo aprè yo fin komèt krim nan.⁴⁰⁷

Nan sa ki konsènen premye eleman sou responsablite kòmanman an, relasyon chèf-sibaltèn, konsantre li pou konnen si chèf la te gen yon « kontwòl reyèl » sou sibaltèn nan.⁴⁰⁸ Nou ka pale de kontwòl reyèl nan pouvwa li genyen pou anpeche oswa pini sibaltèn nan.⁴⁰⁹ Sa etann li tou sou sitiyasyon kote chèf la pa genyen yon pouvwa absoli, tankou yon nivo « enfliyan » ki pa egal ak « pouvwa kòmanman fòmèl yo. »⁴¹⁰ Moun ki twouve yo nan pozisyon elve nan gouvènman an, tankou prezidan yo, tonbe anba doktrin responsablite kòmanman an.⁴¹¹ Anplis, responsablite kòmanman an pa limite ak responsablite anndan estrikti militè yo, men yo aplike nan estrikti sivil yo tou, depi moun ki antèt la genyen pouvwa pou li anpeche oswa pini sibaltèn nan.⁴¹²

Genyen yon motif rezonab pou konkli Prezidan Moïse te okipe pozisyon siperyè alafwa sou Duplan ak Monchéry, ki se de (2) dirijan nan administrasyon li a DCPJ te idantifye kòm « otè prezime » atak Lasalin nan.⁴¹³ Nan moman atak la, Duplan te okipe yon fonksyon ki byen plase nan gouvènman ki se Delege Depatmantal Lwès, ki se reprezantan prezidan an nan youn nan dis (10) teritwa jeyografik Ayiti. Delege bay rapò dirèkteman ak prezidan an.⁴¹⁴ Anplis de sa, Moïse te nome pèsònèlman Duplan nan pòs sa an 2017, e li te gen pouvwa pou li retire li nan pòs sa san okenn opozisyon.⁴¹⁵ Monchéry te okipe pòs Direktè Jeneral Minisè Enteryè, yon pozisyon kote li ap sipèvize tout travay Minisè a ap fè.⁴¹⁶ Se prezidan Moïse ki te pèsònèlman nome Monchéry nan pòs sa an 2017.⁴¹⁷ Pozisyon siperyorite ak sipèvizyon prezidan Moïse te ba li yon kontwòl reyèl sou Duplan ak Monchéry; sa ki vle di, li te genyen pouvwa pou anpeche yo fè zak sa yo oswa pini yo pou zak sa yo ki rive nan nivo krim kont limanite.

Dezyèmman, Moïse te sipoze konnen e sètènman ta dwe konnen sibaltèn li yo te komèt, t ap komèt oswa te planifye pou komèt zak ki rive nan nivo krim kont limanite. Rapwochman ki genyen ant Duplan, Monchéry ak prezidan an kreye sa yo rele yon enferans konesans. Ide sa ranfòse toujou akòz sa ki te pase nan atak la te planifye espesifikman pou reprime manifestasyon kont prezidan an. Anplis. Prezidan Moïse ak madanm li te pèsònèlman enplike nan jefò ki t ap fèt pou kontwole aktivite k ap fèt kont gouvènman an nan Lasalin avan planifikasyon atak yo. Nan dat 3 Oktòb 2017, preske yon lane avan atak la, Premye Dam nan Martine Moïse, epi aprè sa Minis Enteryè a Max Rudolph Saint Albin, te pèsònèlman dirije yon delegasyon ki te ale nan Lasalin pou ofri resous leta a an echanj pou moun yo kanpe sou manifestasyon yo.⁴¹⁸ Kèk jou avan manifestasyon kont gouvènman an ki te planifye pou Oktòb 2018, abitan yo rapòte Premye Dam nan te retounen Lasalin pou kowonp kominote a pou yo kanpe sou inisiyativ yo a (akizasyon li te nye).⁴¹⁹ Preske nan menm epòk la, Prezidan Moïse te li menm tou vizite pèsònèlman komisarya lapolis ki genyen nan kapital epi li ta distribye lajan kach bay polisye yo pou ankouraje yo fè represyon sou manifestan yo.⁴²⁰ Ansyen chèf lapolis la te denonse aksyon sa, kote li entèprete li kòm yon siy eta panik Prezidan an twouve li ladan an nan kontèks opozisyon an ki pa sispann grandi.⁴²¹ Manifestasyon yo te fèt kanmenm epi manifestan yo te anpeche Prezidan ak Premye Dam nan antre nan Lasalin pou patisipe nan yon seremoni komemorasyon ofisyèl, kote genyen yon ajan sekirite ki te blese nan moman an.⁴²² Se dirijan ki byen plase nan administrasyon Moïse la ki te mete plan pou atak abitan Lasalin an egzekisyon de (2) semenn aprè sa a.

Pi lwen, Prezidan te dwe sètènman konnen se sibaltèn li yo te komèt krim yo aprè evennman yo. Masak la te yon gwo evennman. Jis kèk moman aprè masak la te genyen foto, videyo kadav moun yo ki t ap sikile sou rezo sosyal yo epi medya ayisyen yo te rapòte evennman an nan nouvèl.⁴²³ Kantite moun yo te estime ki te kouri kite Lasalin se 300 e ki te al pran refij nan tant yo te konstwi bò lari ki twouve yo arebò Palman Ayisyen an.⁴²⁴ RNDDH te idantifye Duplan ak Monchéry kòm prensipal sispèk nan rapò li te pibliye de (2) semenn aprè atak la.⁴²⁵ Enfòmasyon sa a te vin ranfòse akòz ankèt ofisyèl DCPJ a, ki te pibliye an Me 2019, e li te nome Duplan ak Monchéry kòm « otè prezime » atak la.⁴²⁶ Daprè doktrin responsablite kòmanman an, Moïse pa kapab echape responsablite li genyen nan fè konnen li te inyore sibaltèn li te planifye epi komèt krim sa yo.

Finalman, Prezidan Moïse pa t mennen bon jan ankèt epi pini sibaltèn li yo aprè yo fin komèt krim nan. Malgre anpil sous kredib, pami yo Nasyonzi ak DCPJ, te montre enplikasyon Duplan ak Monchéry nan atak la, prezidan an pa t retire yo nan pòs yo menm kote a. Men pito, yo te rete nan fonksyon ofisyèl yo te genyen nan gouvènman an pandan preske yon lane aprè atak Lasalin nan.⁴²⁷ Pouswit devan lajistis kont alafwa Duplan ak Monchéry ret kanpe an plas, ni pa gen youn ladan yo ki te jwenn arestasyon yo pou wòl yo nan masak la. Premyeman yo te chèche evite responsablite yo genyen nan fè konnen, kòm dirijan ki wo plase, yo pa kapab pouswiv yo san konsantman prezidan an.⁴²⁸ Prezidan Moïse pa t pran okenn mezi pou bay konsantman sa a oswa yon lòt jan pou asire li pouswit yo ap avanse.

Sou baz prèv ki disponib aktyèlman, genyen motif rezonab pou konkli yo ka rann Prezidan Moïse responsab pou krim kont limanite ki komèt nan Lasalin yo daprè doktrin responsablite kòmanman an. Ankèt pi apwofondi ka revele li koupab reyèlman nan lòt atak yo tou.

V. Garanti Otè yo reponn pou Krim Kont Limanite yo komèt

Krim yo te komèt nan tout enpinite

